




For a synodal Church
communion | participation | mission



Gid pou Moderatè



THE ROMAN CATHOLIC
ARCHDIOCESE OF
ATLANTA

Gid pou Moderate

Pou pastè, klèje, estaf pawas ak lòt dirijan ministè/ dirijan apostola ak lòt gwoup, sitou moun yo nonmen kòm moderatè nan yon priyè pawas/gwoup

Sinòd la sou kesyon Sinodalite

*Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon
ak Misyon*

*"Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo
ansanm nan non mwen, map la nan mitan yo."*

(Mt 18:20)

... Nap raple ke objektif Sinòd la, e kidonk rezon ki fè nou fè konsiltasyon sa a, se pa pou n pwodui dokiman, men "pou plante rèv, trase pwofesi ak vizyon, pou pèmèt lespwa epànwi, pou enspire konfyans, pou panse blesi yo, pou met tèt ansanm pou tise relasyon, fè douvanjou lespwa leve, pou youn aprann sou lòt epi pou kreye yon mwayen pozitif ki pral ilimine lespri yo, rechofe kè yo, bay men nou fòs..."

Dokiman Preparatwa, nimewo 32 (sitasyon Pap Franswa, Diskou nan Ouvèti Sinòd
Evèk yo konsakre pou Jèn yo [3 oktòb 2018])

Tabmatyè

Entwodiksyon: Fè Chimen Ansanm	4
Istwa sinòd yo nan Legliz Katolik la.....	5
Kisa sinodalite a ye?	6
Kalandriye Sinòd la.....	8
Deskripsyon Jeneral sou Sesion Ekout ki Konsantre sou Lapriyè ak Maniskri Moderatè a	9
Opsyon 1: Sesion ekout ki konsantre sou lapriyè ki fèt demi jounen nan Samdi.....	10
Opsyon 2: Sesion ekout ki konsantre sou lapriyè kap fèt nan sware pandan twa semèn	16
Resous Anplis pou Sesion Ekout yo	30
Lis Verifikasyon Moderatè a.....	342
Pi bon pratik poujesyon ti gwo up yo.....	33
Kesyon pou Sesion Ekout yo	35
Fèy pou pran nòt nan Ti Gwo up yo	38
Priyè pou Sinòd la: <i>Adsumus Sancte Spiritus</i>	444
Tèm ki nan Glosè a	45

Entwodiksyon: Fè Chimen Ansanm

Legliz Katolik la annantye gen kòm obligasyon pou 1 patisipe nan Sinòd Evèk ki pral fèt la, ki rele: "Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon."

Sinòd se yon mo grèk (*synodos*) ki vle di yon rankont oswa yon asanble nan izaj kouran. Mo Synòd la konpoze ak 2 mo grèk ki se *syn* ki vle di "ansanm" ak *hodos* ki vle di "chimen oswa vwayaj." Alorijin, sinòd, ak tèm pi resan an ki se sinodalite, vle di *ansanm sou wout la* oswa *chimen nap fè ansanm*.

Pap Franswa lanse yon apèl pou 1 mande pou tout pèp Bondye a fè chimen an ansanm. Sinòd sa a se pa senpleman yon lòt rankont ak prezantansyon oral ansanm ak rapò yo ekri. Sinòd sa a se yon **pwoesis pou fè chimen ansanm**. Antanke Legliz, nou pral koute sa youn lòt gen pou di, nou pral kenbe yon dyalòg ant youn ak lòt, nou pral lapriyè ansanm, nou pral dekouvri ansanm epi nou pral pran desizyon ansanm pou nou pwoklame Levanjil Jezi Kri nan lemond.

Nan omeli li te pwononse nan Mès douvèti Sinòd la, Pap la te ankouraje nou pou nou kòmanse ak pwoesis sinodal la "pou nou poze tèt nou kesyon — nou tout, pap la, evèk yo, pè yo, relije ak layik yo — asavwa si noumenm, kominate Kretyèn lan, nou enkàne "estil" Bondye sa a, ki vwayaje sou chimen listwa e ki pataje nan lavi limanite." Sen Pè nou an ap mande nou pou nou "mache sou menm wout ak zòt, pou nou vreman viv 'twa vèb' ki karakterize yon sinòd: rankontre, koute ak disène."

Pwoesis sa a, yo jwenn li nan lapriyè paske sinòd la se "yon chimen disèneman espirityèl ki manifeste nan adorasyon, nan lapriyè ak nan dyalòg avèk pawòl Bondye a." Disèneman an se sa ki klere chimen an e ki gide sinòd la, "ki anpeche 1 vin yon konvansyon legliz, yon gwoup etid oswa yon kongrè politik; men pakont yon yon evènman ki chaje ak lagras, yon pwoesis gerizon ke Lespri Sen gide. Menm jan li te mande nèg rich la nan lekti Levanjil la, Jezi ap mande tout moun pou n vide tèt nou, pou n libere tèt nou de tout sa ki materyèl, ikonpri fason nou gade pwòp tèt nou ak modèl pastoral demode yo, epi pou n mande tèt nou kisa Bondye vle di nou nan moman sa a, e nan ki direksyon li vle mennen nou." (Pap Franswa, 10 oktòb 2021).

Istwa sinòd yo nan Legliz Katolik la

Legliz la kap fè chimen ansanm nan yon sinòd, se yon ansyen pratik nan Lakretyènte ki anrasinen nan Ekriti Sent yo. Nan Travay Apot yo (chapit 15), nou tande ke Pyè ak Pòl te "byenveni nan legliz la ak pamí apot yo ak presbiteryen yo tou" (Travay 15:4) pou yo te ka koute, diskite ak disène ansanm sou kijan pou rekonsilye pratik relije Jwif yo ak pratik relije Payen yo. Se te apre anpil ekout, anpil diskisyon ak anpil lapriyè an silans pou 1 te rive koute vwa Lespri Sen an, ke Legliz la okòmansman te disène kijan pou 1 pwoklame Levanjil la bay tout moun.

Anpil Otorite nan Legliz la te ekri sou sinodalite nan Legliz okòmansman (c. 30 AD - c. 500 AD), ikonpri St-Jan Krizostòm ki limenm te ekri ke "Legliz ak Sinòd se sinonim yo ye" (Kòmantè sou Sòm 149; gade nan *Dokiman Preparatwa* nimewo 11). Legliz lokal yo rasanble ansanm ak evèk yo pou yo diskite koze ki gen rapò ak sityasyon lokal yo pandan tout premye milenè a. Pratik lokal sa a vin devlope an konsil pwovensyal (rejyonal) ak konsil inivèsèl (ekimènikal) ki rasanble evèk, manm klèje, relije ak layik ansanm.

Pratik sinodalite a te kontinye jouk nan dezyèm milenè a, menm lè priz desizyon an, deplizanpli te rezèv pou evèk yo ak Sen Syèj la. Dezyèm Konsil Vatikan an, yon konsil ekimenik, mete aksan sou kominyon Legliz la epi li rekipere imaj Legliz la antanke pelren pèp Bondye a kap fè chimen ansanm pou yo vin gen sentete. "...Gen yon sèl pèp Bondye, e li mennen sitwayen 1 yo nan tout kous, pou 1 fè yo vin sitwayen yon wayòm ki denati selès e non pa terès. Pout tout fidèl ki epapiye atravè lemond vin an kominyon youn ak lòt nan Lespri Sen an..." (*Lumen Gentium* nimewo 13).

Pap St. Pòl VI te kreye estrikti modèn Sinòd Evèk yo nan lane 1965 apre fèmti Dezyèm Konsil Vatikan an. Pap Pòl te vle asire 1 ke kolaborasyon ak dyalòg ant evèk, teyolojen, relije ak layik fidèl yo, te kontinye apre Dezyèm Konsil Vatikan an. Depi 1967, Legliz la òganize yon Sinòd Evèk apeprè chak detwazan pou egzamine yon pwoblèm ki afekte Legliz la. Nan chak nan sinòd sa yo ke yo òganize depi 1967, evèk yo te konsilte manm klèje, relije ak layik. Ofèt, nan Sinòd sa yo, pè, djak, relije ak layik yo te prezan epi yo te adrese evèk yo ak Pap la. Pandan ke "nouvo"aspè Sinòd aktyèl sa a, "*Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon*," ap mande chak evèk dyosezen pou 1 koute ak konsilte ak twoupo 1 la sou tèm sinodalite a, pwosesis sinodal pou koute ak konsilte ak tout pèp Bondye a se yon ansyen pratik Legliz la.

Kisa sinodalite a ye?

Pandan tout pwosesis sa a, nou tandé yap site tém: sinòd, sinodalite ak pwosesis sinodal. Kisa mo sa yo vle di? Èske yo vle di menm bagay la?

Yon definisyon pratik kout pou Sinòd Evèk la se yon rasanbleman evèk ki

1. Ankouraje plis inite ant evèk yo ak Pap la
2. Bay Pap la konsèy sou bagay ki gen rapò ak lafwa ak moral ak disiplin Legliz la
3. Etidye kesyon ki konsène Legliz la nan lemond (c.f. *Kòd Dwa Kànon c. 342*).

Se sèlman evèk ki prezan nan rasanbleman sinòd la ki ka vote nan Sinòd Evèk la. Sepandan, klèje, gason ak fanm relijye, teyolojen, katechis, avoka kànon ak ekspè layik, yo tout patisipe nan rasanbleman sinòd la ak evèk yo epi yo bay konsèy yo.

Sinodalite ak pwosesis sinodal la se pa yon rasanbleman ni yon rankont evèk, ni yo pa bra administratif Legliz la. Depreferans, sinodalite se chimen ak pwosesis Legliz la antanke kominyon. Se kominyon tout batize kap koute youn lòt, kap dyaloge youn ak lòt epi kap lapriyè ansanm pou yo ka tandé vwa Lespri Sen an, etan nou tout ap chèche sentete epi pwoklame Levanjil la. Sinodalite enplike klèje, relijye ak layik kap koute e kap pale, kap lapriyè ak disène ansanm e kap plase espwa ak enkyetid pèp Bondye a nan men ak nan kè evèk yo, ki yomenm, nan tèt ansanm ak Pap la, deside kesyon sou lafwa ak moral defason pou yo prezèv lafwa ak fòtifye Legliz la atravè lemond.

An kèlke mo, si nap refere nou ak Legliz la antanke sinodal, sa raple nou verite debaz ke chak manm ki batize se yon sijè oswa yon ajan evanjelizasyon, ki ko-responsab pou misyon Legliz la.

"Sinodalite, nan pèspektiv sa a, byen plis pase selebrasyon rankont eklezyal e byen plis ke rasanbleman Evèk yo, oswa byen plis ke yon senp administrasyon entèn nan Legliz la; se '*modus vivendi et operandi* [fason pou viv ak fason pou ye] espesifik Legliz la, Pèp Bondye a, ke sinodalite a revele e li bay Legliz la sibstans li antanke kominyon lè tout manm li yo fè chimen ansanm, lè yo reyini ann asanble e lè yo patisipe aktivman nan misyon evanjelizasyon legliz la" (*Dokiman Preparatwa*, nimewo 10).

"Ofèt, Pèp sa a ke Pastè 1 yo rasanble ansanm, se Pèp ki adere ak depo sakre Pawòl Bondye a ke yo konfyé Legliz la, li pèsevere konstaman pou 1 anseye Apot yo, nan kominyon fratènèl, nan wonp pen an, e nan lapriyè, 'konsa yo ka

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

kenbe, pratike ak pwofese eritaj lafwa a, li vin tounen pou Evèk yo ak Fidèl yo yon efò inik komen" (*Dokiman Preparatwa*, nimewo 13). Sinodalite ak pwosesis sinodal la se pa angaje zòt pou pran desizyon sou pwoblèm atravè yon vòt palemantè. Ni se pa objektif primè sinodalite a pou 1 entwodui metòd demokratik nan Legliz la, kote majorite a deside kijan Legliz la pral aji. Sinodalite se pa pwomilge plan estratejik ni jere ministè pawas pastoral atravè objektif yo. Sinodalite se tout pèp Bondye a kap fè chimen ansanm pou 1 pwoklame Levanjil Jezi Kri a epi pou 1 vin sen.

"Pastè yo, ke Bondye tabli pou aji antanke 'gadyen otantik, entèprèt ak temwen lafwa tout Legliz la,' pa dwe pè pou yo koute Twoupo yo konfyé yo a. Konsiltasyon Pèp Bondye a pa vle di yon sipozisyon nan Legliz la pou nou konpòte nou selon dinamis demokrasi ki baze sou prensip majorite a, paske gen, sou baz patisipasyon nan chak pwosesis Sinodal, yon pasyon pataje pou misyon evanjelizasyon komen an e pa reprezantasyon enterè ki an konfli yo. Otreman di, se yon pwosesis eklezyal ki ka fèt sèlman 'nan kè yon kominote ki estriktire yerachikman.' Chak pwosesis Sinodal, kote yo rele Evèk yo pou yo vin disène sa Lespri a ap di Legliz la, pa poukонт yo men nan koute Pèp Bondye a, ki limenm 'pataje fonksyon pwofetik Kris la tou' (LG, nimewo 12), se yon fòm evidan pou "fè chimen ansanm" sa a ki fè Legliz la grandi" (*Dokiman Preparatwa*, nimewo 14; al gade tou (*Lumen Gentium* nimewo 12; CCC, nimewo 91-93).

Etan nap anbake nan pwosesis sinodal sa a antanke Legliz lokal Achidyosèz Atlanta a, ann sonje pawòl Sen Pòl te voye bay Tesalonyen yo, "Pa antrave travay Sentespri a. Pa meprize moun kap di sa Bondye ba yo pou yo di. Men egzamine tout bagay; kenbe sa ki bon" (1 Tes 5:19-21).


Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Kalandriye Sinòd la

Sinòd global la, *Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon*, se yon pwosesis ke Pap Franswa te lanse ann oktòb 2021, epi lap fini avèk yon rankont Sinòd Evèk yo ann oktòb 2023 (16^{yèm} Asanble Jeneral Òdinè Sinòd Evèk yo). Ou ka jwenn yon kalandriye detaye pwosesis global Sinòd la nan <https://www.synod.va/en.html>.

Kalandriye ki pi ba a mete anfaz sou patisipasyon Achiduosèz Atlanta a nan faz konsiltasyon dyosezen Sinòd la. Nap kontinye priye e nap kontinye ak emplémentasyon yo.

Kalandriye Achiduosèz Katolik Women Atlanta



Deskripsiyon Jeneral sou Sesiyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè ak Maniskri Moderatè a

(Opsyon 1 ak 2)

Opsyon 1: Sesion ekout ki konsantre sou lapriyè ki fèt demi jounen nan samdi

[3.15 èdtan]

Deskripsyon Jeneral

Pi ba a gen yon deskripsiyon jeneral pou yon sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kap fèt demi jounen nan samdi maten. Gade deskripsiyon detaye a nan paj suivan an, ikonpri direktiv pou moderatè a ak yon maniskri ke yo sijere. Pi ba a nan gid sa a, ou ka jwenn **Kesyon pou Seson Ekout** ke yo pwopoze yo/

Yo ka adapte orè ki anba a selon konteks ak sikontans yo. Nap mande pawas yo ak lòt gwoup yo, leplis ke posib, pou yo pwograme ase tan pou lapriyè ak refleksyon pèsonèl, epi ase tan tou pou pataj, jan sa endike pi ba a.

Kantite Tan lap dire: 3 è ak 15 minit

Fòma: Priyè ak Diskisyon nan Ti Gwoup

8:30 a.m. ospitalite opsyonèl ak echanj amikal ak anregistrement

9:00 a.m. – 9:10 a.m. Akèy, entwodiksyon ak priyè douvèti

9:10 a.m. – 9:20 a.m. Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd la ak règ debaz pou patisipan yo respekte

9:25 a.m. – 9:50 a.m. Opòtinite pou priye ak refleksyon pèsonèl
Patisipan yo dwe genyen kesyon ke pawas la te seleksyone pou yo medite sou yo pandan tan priyè sa a; yo ka ekri nenpòt mo oswa nenpòt enspirasyon ke yo resevwa pou yo pataje ak ti gwoup yo. *Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.*

9:55 a.m. – 12:10 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwoup
Gade kesyon nou pwopoze yo nan fen kit sa a
• Kesyon fondamantal (yo) [25-30 minit]
• Kesyon pou apiye [90 minit]
• Priyè ak kesyon pou klonklizyon [15-20 minit]

12:10 p.m. – 12:15 p.m. Konklizyon ak priyè fèmti

Deskripsiyon Detaye ak Maniskri (Opsyon 1 - Demi Jounen)

Pi ba a, moderatè a ap jwenn yon deskripsiyon detaye pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kap fèt demi jounen nan samdi. Karaktè regilye yo endike enfòmasyon direksyonèl. Karaktè ann *italik* yo endike yon maniskri yo sijere pou ede moderatè a dirije reyinyon yo.

Wòl moderatè a menm jan ak wòl yon Mèt Seremoni (MS). Moderatè a swete patisipan yo labyenveni epi li siveye reyinyon an, li bay mizajou sou tan ke yo konsakre pou chak seksyon (paregzanz *"Nou gen senk minit ki rete nan seksyon sa a"*) epi li fè konvèsasyon gwoup la mache nan lè yo konsakre pou sa a.

Note avan nou kòmanse: kit referans la enfòmasyon detaye sou mizanplas pou sal la ak amenajman an. Maniskri sa a sipoze ke atik suivan yo sou lamen omwen:

- Yon (1) ansanm fèy pou pran nòt nan ti gwoup e ke w gen plim pou chak tab
- Paj kesyon diskisyon pou chak chak moun sou chak tab
- Si pa gen pwojektè/ekran, wap bezwen enprime Priyè pou Sinòd la sou chaktab

Anvan w kòmanse sesyon an, tanpri konsilte **Pi Bon Metòd pou Jesyon Ti Gwoup** avèk **Lis Verifikasyon Moderate a** pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè aki make pi ba nan gid sa a.

8:30 a.m.

Ospitalite opsyonèl, echanj amikal ak anregistrement (30 minit) Akeyi moun yo lè yo rive. Si posib, mande lòt manm ekip la pou yo ede w ak ospitalite, akèy, ofri moun yo kolasyon, itilize opòtinite a pou fè echanj amikal epi pou mete moun yo nan ti gwoup kote yo dwe ale a.

9:00 a.m. – 9:10 a.m.

Akèy ak entwodiksyon (2 minit) Kòmanse prezante sesyon an alè, akeyi patisipan yo; prezante tèt ou bay patisipan yo epi envite patisipan yo prezante tèt yo bay lòt moun ki nan gwoup yo ki chita sou tab yo. Pa blye prezante pastè a ansanm ak lòt klèje, reliye ak estaf pawas la.

Priyè douvèti (5 minit) Dirije priyè douvèti a. Si pastè a oswa djak la prezan, mande yo dirije oswa ofri yon benediksyon. Si wap itilize ekran an, tanpri afiche Priyè pou Siòd la, *Adsumus Sancte Spiritus*, oubyen itilize kat ki gen priyè yo oswa priyè ki enprime nan gid yo a, si yo disponib.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

9:10 a.m. – 9:20 a.m.

Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd la ak règ debaz pou patisipan yo respekte (10 minit) Men sa pou di:

Pap Franswa lanse yon apèl pou l mande pou tout Pèp Bondye a fè chimen an ansanm. Nou rasanble pou n koute, pou n dyaloge e pou n priye defason pou n ka tandé vwa Lespri Sen an. "Objektif" fè chimen sa a ansanm lan se pou youn la pou lòt, pou n koute ak aprann youn de lòt, epi pou nou vin pi pre Seyè a ak Legliz li a.

Nou voye yon lyen pou chak moun ki enskri ki pèmèt yo ale nan gid patisipan an, ki pou fasilité ti gwoup diskisyon nou an, nan lespwa ke alèkile tout moun pi familye avèk tèm ki gen rapò ak sinòd yo nan Legliz la, ak Sinòd sa a, e ak sijè sinodalite a. Si w pat gen chans pou li l, tanpri pa blyie fè sa nan pwochen jou yo pou ka kontinye lapriyè pou konsiltasyon sa a.

Pwosesis sinòd la mande pou koute aktivman e pou fè disèneman nan lapriyè. Jodiya nan sesyon lapriyè ki konsantre sou ekout nou an, gen 2 bagay ki se poto mitan l: Rete alekout ak disèneman.

*Nou pral gen 25 minit pou lapriyè e pou refleksyon pèsònèl [**bay detay sou kote w konn lapriyè oswa kote w konn fè Adorasyon, si sa aplikab**]. Objektif la se pou nou vin devan Granmèt la avèk imilite epi pou n mande Lespri Sen an pou l gide nou chak nan refleksyon nap fè sou sijè konsiltasyon yo. Nap mande pou kè nou louvri pou yo resevwa enspirasyon Lespri Sen an. Sonje Women 8:26, "Nou pa konnen kijan pou n ta priye, men, Sentespri a limenm pale ak Bondye pou nou, li sèvi ak soupi nou pa menm mo pou n ta tradui yo."*

Apre tan refleksyon nou an, nou pral retounen rasanble la a pou n pataje, nan ti gwoup nou yo, sa nou tandé nan tan priyè nou an. Jan yo te mansyone li nan règ debaz pou patisipan yo respekte, pa blyie se pou youn bay lòt atansyon konplè li epi pou n koute vwa Bondye nan kè nou. Koute pou ka byen konprann sa zòt ap di lè w pran ak kè sa yap pataje. Etan nap fè pataj, gen moun ki pral pale, yon moun alafwa, san enteripsyon, etan zòt yo ap koute. Chak moun ap gen chans pou yo pale, si nou pa vle, nou gen dwa chwazi pou n pa pale. Pa blyie ke nou pa la pou n korije ni kritike youn ak lòt, men nou la senpleman pou n koute ak pataje sa nou gen nan kè nou konsènan kesyon byen presi yo soulve a.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Si nou gen moderatè pou tab yo, di yo:

Yo seleksyone moderatè sou tab yo pou ede asire ke chak moun ap gen chans pou l fè pataj nan ti gwooup yo.

Alèkile kontinye fè seleksyon moun kap pran nòt yo (amwenske yo te deja chwazi yo):

Chak ti gwooup ap gen yon moun kap pran nòt; tanpri pran yon ti tan pou seleksyone yon manm nan gwooup la ki pou pran nòt pou gwooup diskisyon w lan.

Bay gwooup la kék minit pou yo ka chwazi moun kap pran nòt pou yo a, epi apresa envite moun kap pran nòt yo deziyen yo pou yo vin pran **Fèyè Nòt Ti Gwooup la** ak plim.

Nou chak nou gen yon kopi sijè sou sa pou n reflechi ak medite sou li a jodiya; tanpri ale nan legliz la/chapèl la [oswa bay enstriksyon pou yo ale kote pou yo ale a ak mòd refleksyon pou yo fè a] an silans. Nap retounen la a ankò nan ti gwooup nou yo, a 9:55 am.

9:25 a.m. – 9:50 a.m.

Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl (15 minit) Pa blye enprime kesyon sou sa nap gen pou n medite yo. Pawas la/gwooup la ka dirije tan lapriyè ak refleksyon pèsònèl sa a swa nan sanktyè a, nan chapèl la oswa yon kote yo rezève pou sa. Nan fen peryòd sa a, envite patisipan yo retounen nan ti gwooup yo:

Li lè pou nou retounen nan ti gwooup yo. Na wè nan Sal la, a 9:55.

9:55 a.m. – 12:10 p.m.

Pataj ak dyalòg nan Ti Gwooup – gade kesyon yo pwopoze yo nan fen kit sa a.

Byenvini ankò. Anvan nou kòmanse pataje youn ak lòt, mwen vle fè tout moun sonje ke manm gwooup yo pral pataje pwòp refleksyon yo atoudewòl, youn apre lòt, san enteripsyon, pandan tan sa a, lòt manm gwooup yo ap koute. Moun kap pran nòt yo pral enskri refleksyon yo. Tanpri, pa kite repons nou yo depase 1-2 minit pou chak moun. [Si 1 prezan: Moderatè tab la pral ede gwooup la travay sou chak kesyon.]

Kesyon Fondamantal la (yo) [25-30 minit]

Nan gid ki gen kesyon w yo, tanpri kòmanse pataje pwen ou medite sou yo jan yo dekri l nan seksyon Kesyon Fondamantal la

Afiche kesyon ki pou gide yo sou gwo ekran an, si li disponib, epi di:

Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwooup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt pou ou a

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

pral enskri yon rezime anonim sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.

Planifye 25-30 minit pou pataj kap fèt nan ti gwooup la. Tanpri fè anons la nan lè ki apwopriye a:

Rete nou senk minit pou seksyon sa a.

Kesyon pou Apiye [90 minit]

Map di tout moun mèsi. Kounyeya, nou pral pase nan pati kote nou pral pataje sa nou panse sou kesyon pou apiye yo, ke yo dekri nan gid nou yo.

Afiche kesyon ki pou gide yo sou gwo ekran an, si li disponib, epi di:

*Toudabò ann fè pataj sou **Ekout al Disèneman**. Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwooup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt yo pral enskri yon rezime sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.*

Planifye 25-30 minit pou n pataje, epi chanje kesyon yo si nap itilize yon gwo ekran epi di:

*Kounyeya nou fòk nou pale sou **Ko-Responsabilite ak Patisipasyon**. Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwooup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt yo pral enskri yon rezime sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.*

Planifye 25-30 minit pou n pataje, epi chanje kesyon yo si nap itilize yon gwo ekran epi di:

*Kounyeya nou pral pale sou **Lapriyè ak Selebrasyon**. Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwooup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt yo pral enskri yon rezime sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.*

- 5 minit pou yon poz ochwa -

Priyè ak Kesyon pou Klonklizyon [15-20 minit]

*Pran 5 -10 minit pou lapriyè an silans ak ti gwooup ou a, lè w fin envoke Lespri Sen an ankò atravè yon lapriyè "Lespri Sen Desann" oswa atravè yon lapriyè enpwovize. Alèkile, apatide ti pataj ki fèt nan ti gwooup ou a, **site yon pèsepsyon kote w te tande uwa Lespri Sen jodiya a, oswa pataje yon pèsepsyon ki sou kè w lè w te fin lapriyè**.*

12:10 p.m. – 12:15 p.m.

Konklizon ak priyè fèmti

Si wap itilize ekran an, tanpri afiche Priyè pou Sinòd la, oubyen itilize kat ki gen priyè yo oswa priyè ki enprime nan gid yo a, si yo disponib.

Nou rive nan fen sesyon nou an. Mwen ta renmen di nou tout mèsi pou pataj nou e poutèt nou te alekout. Ann lapriyè ansanm Priyè pou Sinòd la [oswa ou ka resite Glwa O Pè a oswa w ka fè yon priyè enpwovize pou aksyon degras].

Lè priyè a fini, di:

Nap mande moun ki pran nòt yo pou yo pote dokiman ki gen nòt yo devan an nan sal la. Nap redi li ankò, nou vreman apresye tan nou pran ak enèji nou depanse pou n vin patisipe nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè sa a. Kòmantè ke yo ekri nan gwoup yo pral ede pou yo fè yon konpilasyon rapò somè pawas la, ke yo pral itilize pou kreye rapò sentèz achidyosezen an. Gen 2 delege pawas la kap vin patisipe [oswa ki te patisipe] nan yon rasanbleman reyjonal achidyosezen ansanm ak manm klèje a, reliye ak lòt reprezantan layik. Finalman, si w potko fè sa deja, tanpri pran yon ti tan pou ranpli sondaj Sinòd la sou entènèt epi ankouraje zòt fè menm bagay la.

Montre paj entènèt Sinòd la pou fè tout moun sonje ki kote yo ka jwenn sondaj la: archatl.com/synod.

Nou ta renmen mande w, tanpri, pou kontinye lapriyè pou pwosesis Sinòd la, pou ke Legliz nou an ka devlope nan sinodalite nap viv la, e pou nou tout kapab kontinye koute Lespri Sen an etan Lap gide nou pou n ka rekonèt ak vin pi pre Granmèt nou an. Avèk limyè Pauòl Bondye a ap pote ba nou e etan nap ini nou nan lapriyè, nap kapab disène pwosesis pou chèche konn volonte Bondye epi pou n suiv chimen ke Bondye mande nou suiv nan yon kominyon ki pi pwofon, patisipasyon total ak plis ouvèti pou n ranpli misyon nou nan lemond.

Mèsi epi ke Bondye beni nou tout.

Opsyon 2: Sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kap fèt nan sware pandan twa semèn [90 minit pou chak sesyon]

Deskripsyon Jeneral

Pi ba a wap jwenn yon deskripsiyon jeneral kap dekri sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kap fèt nan sware pandan twa semèn yo. Gade deskripsiyon detaye yo nan paj suivan an, ikonpri direktiv pou moderatè a ak yon maniskri ke yo sijere. Pi ba a nan gid sa a, ou ka jwenn **Kesyon pou Sesyon Ekout** ke yo pwopoze yo.

Yo ka adapte orè ki anba yo selon kontèks ak sikontans yo. Nap mande pawas yo ak lòt gwooup yo, leplis ke posib, pou yo pwograme ase tan pou lapriyè ak refleksyon pèsonèl, epi ase tan tou pou pataj, jan sa endike pi ba a.

Kantite Tan lap dire: 90 minit – 2 èdtan chak sesyon

Fòma: Priyè ak diskisyon nan ti gwooup

Semèn En:

6:00 p.m. ospitalite opsyonèl ak echanj amikal ak anrejistrem an

6:30 p.m. – 6:50 p.m. Akèy, entwodiksyon ak priyè douvèti
Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd ak règ debaz
pou patisipan yo respekte

6:55 p.m. – 7:20 p.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsonèl
Patisipan yo dwe gen nan men yo kesyon pawas la te
chwazi a pou yo medite sou li pandan tan priyè sa a,
yo ka ekri nenpòt mo oswa enspirasyon yo resevwa
pou pataje ak ti gwooup yo. *Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.*

7:20 p.m. – 7:55 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwooup:
Kesyon Fondamantal (yo)

7:55 p.m. – 8:00 p.m. Konklizyon ak priyè fèmti

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Semèn De:

- 6:30 p.m. – 6:40 p.m. Entwodiksyon, priyè ak enfomasyon jeneral sou sware a
- 6:45 p.m. – 7:10 p.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsonèl
Patisipan yo dwe genyen kesyon ke pawas la te seleksyone pou yo medite sou yo pandan tan priyè sa a; yo ka ekri nenpòt mo oswa nenpòt enspirasyon ke yo resevwa pou yo pataje ak ti gwoup yo. *Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.*
- 7:15 p.m. – 7:55 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwoup:
Kesyon pou Apiye (1-2) Ekout ak Disèneman / Ko-Responsabilite ak Patisipasyon)
- 7:55 p.m. – 8:00 p.m. Konklizyon ak priyè fèmti

Semèn Twa:

- 6:30 p.m. – 6:40 p.m. Entwodiksyon, priyè ak enfomasyon jeneral sou sware a
- 6:45 p.m. – 7:10 p.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsonèl
Patisipan yo dwe genyen kesyon ke pawas la te seleksyone pou yo medite sou yo pandan tan priyè sa a; yo ka ekri nenpòt mo oswa nenpòt enspirasyon ke yo resevwa pou yo pataje ak ti gwoup yo. *Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.*
- 7:15 p.m. – 7:55 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwoup: **Kesyon pou Apiye (3) ak Kesyon Final (Priyè ak Selebrasyon/Koute Lespri Sen an)**
- 7:55 p.m. – 8:00 p.m. Priyè fèmti

Deskripsyon Detaye ak Maniskri (Opsyon 2)

SEMÈN EN

Pi ba a, moderatè a ap jwenn yon deskripsiyan detaye pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kap fêt nan sware pandan twa semèn. Karaktè regilye yo endike enfòmasyon direksyonèl. Karaktè ann *italik* yo endike yon maniskri yo sijere pou ede moderatè a dirije reyinyon yo.

Wòl moderatè a menm jan ak wòl yon Mèt Seremoni (MS). Moderatè a swete patisipan yo labyenveni epi li siveye reyinyon an, li bay mizajou sou tan ke yo konsakre pou chak seksyon (paregzanz "Nou gen senk minit ki rete nan seksyon sa a") epi li fè konvèsesasyon gwoup la mache nan lè yo konsakre pou sa a.

Note avan nou kòmanse: gid la bay detay enfòmasyon yo mete anplas pou sal la ak amenajman an. Maniskri sa a sipoze ke atik suivan yo sou lamen omwen:

- Yon (1) ansanm fèy pou pran nòt nan ti gwoup e ke w gen plim pou chak tab
- Paj kesyon diskisyon pou chak chak moun sou chak tab
- *Si pa gen pwojekti/ekran, wap bezwen enprime priyè Adsumus Sancte Spiritus* sou chak tab

Anvan w kòmanse sesyon an, tanpri konsilte **Pi Bon Metòd pou Jesyon Ti Gwoup** avèk **Lis Verifikasyon Moderate a** pou Sesyon Ekout Ki Konsantre Sou Lapriyè, ki make pi ba nan Gid sa a.

6:00 p.m.

Ospitalite opsyonèl, echanj amikal ak anrejestrem (30 minit)

Akeyi moun yo lè yo vini. Si posib, mande lòt manm ekip la pou yo ede w ak ospitalite, akèy, ofri moun yo kolasyon, itilize opòtinite a pou fè echanj amikal epi pou mete moun yo nan ti gwoup kote yo dwe ale a.

6:30 p.m. – 6:50 p.m.

Akèy ak entwodiksyon (4 minit) Kòmanse prezante sesyon an alè, akeyi patisipan yo; prezante tèt ou bay patisipan yo epi envite patisipan yo prezante tèt yo bay lòt moun ki nan gwoup yo ki chita sou tab yo. Pa blye prezante pastè a ansanm ak lòt klèje, reliye ak estaf pawas la.

Priyè Douvèti (5 minit) Dirije priyè douvèti a. Si pastè a oswa djak la prezan, mande yo dirije oswa ofri yon benediksyon. Si wap itilize ekran an, tanpri

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

afiche Priyè pou Sinòd la, *Adsumus Sancte Spiritus*, oubyen itilize kat ki gen priyè yo oswa priyè ki enprime nan gid yo a, si yo disponib.

Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd la ak règ debaz pou patisipan yo respekte (10 minit)

Men sa pou di:

Pap Franswa lanse yon apèl pou l mande pou tout pèp Bondye a fè chimen an ansanm. Nou rasanble pou n koute pou n dyaloge e pou n priye defason pou n ka tandem vwa Lespri Sen an. "Objektif" fè chimen sa a ansanm lan se pou youn la pou lòt, pou n koute ak aprann youn de lòt, epi pou nou vin pi pre Seyè a ak Legliz li a.

Nou voye yon lyen pou chak moun ki enskri ki pèmèt yo ale nan gid patisipan an, ki pou facilite ti gwooup diskisyon nou an, nan lespwa ke alèkile tout moun pi familye avèk tèm ki gen rapò ak sinòd yo nan Legliz la, ak Sinòd sa a, e ak sijè sinodalite a. Si w pat ko gen chans pou li l, tanpri li l nan jou kap vini yo pou ka kontinye lapriyè pou konsiltasyon sa a.

Pwosesis sinòd la mande pou koute aktivman e pou fè disèneman nan lapriyè. Jodiya nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè nou an, se ekout ak disèneman ki se pwen santral yo.

Nou pral gen 25 minit pou priyè ak refleksyon pèsonèl [bay detay sou kote w konn lapriyè oswa kote w konn fè Adorasyon, si sa aplikab].

Objektif la se pou nou vin devan Bondye avèk imilite epi pou n mande Lespri Sen an pou l gide nou nan refleksyon nap fè sou sijè konsiltasyon yo. Nap mande pou kè nou louvri pou yo resevwa enspirasyon Lespri Sen an. Sonje Women 8:26, "Nou pa konnen kijan pou n ta priye, men, Sentespri a limenm pale ak Bondye pou nou, li sèvi ak soupi nou pa menm mo pou n ta tradui yo."

Apre tan refleksyon w lan, nou pral retounen rasanble la a pou n pataje, nan ti gwooup nou yo, sa ou tandem nan tan priyè w la. Jan yo te mansyone li nan Règ Debaz pou Patisipan yo Respekte a, pa blyie se pou youn bay lòt tout atansyon li epi pou n koute vwa Bondye nan kè nou. Koute pou ka byen konprann sa zòt ap di lè w pran ak kè sa yap pataje. Etan nap fè pataj, gen moun ki pral pale, yon moun alafwa, san enteripsyon, etan zòt yo ap koute. Chak moun ap gen chans pou yo pale, si nou pa vle, nou gen dwa chwazi pou n pa pale. Pa blyie ke nou pa la pou n korije ni kritike youn ak lòt, men nou la senpleman pou n koute ak pataje sa nou gen nan kè nou konsènan kesyon byen presi yo soulve a.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Si nap itilize moderatè sou tab yo, di yo:

Yo seleksyone moderatè sou tab yo pou ede asire ke chak moun ap gen chans pou l fè pataj nan ti gwooup yo.

Alèkile kontinye fè seleksyon moun kap pran nòt yo (amwenske yo te deja chwazi yo):

Chak ti gwooup ap gen yon moun kap pran nòt; tanpri pran yon ti tan pou seleksyone yon manm nan gwooup la ki pou pran nòt pou gwooup diskisyon w lan.

Bay gwooup la kèk minit pou yo ka chwazi moun kap pran nòt pou yo a, epi apresa envite moun kap pran nòt yo deziyen yo pou yo vin pran **Fèyè Nòt Ti Gwooup la ak plim**. Di yo:

Nou chak nou gen yon kopi sijè sou sa pou n reflechi ak medite sou li aswè a; tanpri ale nan legliz la/chapèl la (oswa bay enstriksyon pou yo ale kote pou yo ale yo ak mòd refleksyon pou yo fè a) an silans. Nap retounen la a ankò nan ti gwooup nou yo, a 7:20 p.m.

6:55 p.m. – 7:20 p.m.

Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsonèl (25 minit)

Pa blye enprime kesyon sou sa nap gen pou n medite yo. Chak pawas ap kontinye fè tan priyè ak refleksyon pèsonèl sa a swa nan sanktyè a, nan chapèl la oswa yon kote yo rezève pou sa. Moderatè a fèt pou 1 avize yo a 7:19 p.m., lap di yo:

Li lè pou nou retounen nan ti gwooup yo. Na wè nan Sal la nan kèlke minit.

7:20 p.m. – 7:55 p.m.

Pataj ak dyalòg nan ti gwooup: Kesyon Fondamantal (yo)

Byenvini ankò. Anvan nou kòmanse pataje youn ak lòt, mwen vle fè tout moun sonje ke manm gwooup yo pral pataje pwòp refleksyon yo atoudewòl, youn apre lòt, san enteripsyon, pandan tan sa a, lòt manm gwooup yo ap koute. Moun kap pran nòt yo pral enskri refleksyon yo. Tanpri, pa kite repons nou yo depase 1-2 minit pou chak moun. [Si 1 preznan: Moderatè tab la pral ede gwooup la travay sou chak kesyon.]

Kesyon Fondamantal la (yo) [35 minit]

Tanpri, kòmanse pataje nan ti gwooup ou yo kesyon sou sa w medite yo, ki nan seksyon Kesyon Fondamantal la.

Afiche kesyon ki pou gide yo sou gwo ekran an, si li disponib, epi di:

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwoup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt pou ou a pral enskri yon rezime anonim sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alekile nap pase nan pwochen kesyon an.

Planifye 25-30 minit pou pataj kap fèt nan ti gwoup la. Tanpri fè anons la nan lè ki apwopriye a:

Rete nou senk minit pou seksyon sa a.

7:55 p.m. – 8:00 p.m.

Konklizyon ak priyè fèmti. Li enpòtan pou mete fen a rasambleman an alè.

Nou rive nan fen premye sesyon sa a pamitwa sesyon yo. Mwen ta renmen di nou tout mèsi pou pataj nou e poutèt nou te alekout. Ann lapriyè ansanm Priyè pou Sinòd la, Adsumus Sancte Spiritus, yon fwa ankò [oswa priyè ak yon Glwa O Pè... oswa yon priyè espontane pou aksyon degras].

Lè priyè a fini, di:

Nap mande moun ki pran nòt yo pou yo pote dokiman ki gen nòt yo devan an nan sal la.

*Nap redi li ankò, nou vreman apresye tan nou pran ak enèji nou depanse pou n vin patisipe nan premye pamitwa sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo. Nou espere ke nap wè ou semèn pwochén nan dat [date] pou n kontinye lapriyè ak disèneman an ansanm. Si w kapab, tanpri revwa davans, nan Gid Patisipan w lan, 2 pwochen **Kesyon pou Apiye yo sou Ekout ak Disèneman, e ak Ko-Responsabilite ak Patisipasyon.***

Pase yon bòn nui.

Deskripsiyon Detaye ak Maniskri (Opsyon 2 suit)

SEMÈN DE

Pi ba a, moderatè a ap jwenn yon deskripsiyon detaye pou dezyèm nan twa Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè yo. Karaktè regilye yo endike enfòmasyon direksyonèl. Karaktè ann *italik* yo endike yon maniskri yo sijere pou ede moderatè a dirije reyinyon yo.

Wòl moderatè a menm jan ak wòl yon Mèt Seremoni (MS). Moderatè a swete labyenveni epi li siveye reyinyon an, li bay mizajou sou tan ke yo konsakre pou chak seksyon (paregzanp "*Nou gen senk minit ki rete nan seksyon sa a*") epi li fè konvèsasyon gwoup la mache nan lè yo konsakre pou sa a.

Anvan w kòmanse sesyon an, tanpri konsilte **Pi Bon Metòd pou Jesyon Ti Gwoup** avèk **Lis Verifikasyon Moderatè** a pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè a ki make pi ba nan gid sa a.

6:00 p.m.

Ospitalite opsyonèl, echanj amikal ak anregistrem (30 minit)

Akeyi moun yo lè yo vini. Si posib, mande lòt manm ekip la pou yo ede w ak ospitalite, akèy, ofri moun yo kolasyon, itilize opòtinite a pou fè echanj amikal epi pou mete moun yo nan ti gwoup kote yo dwe ale a.

6:30 p.m. – 6:40 p.m.

Akèy ak entwodiksyon (2 minit) Kòmanse alè. Prezante tèt ou bay patisipan yo epi envite patisipan yo prezante tèt yo bay manm gwoup ki chita sou menm tab avèk yo. Pa blye prezante pastè a ansanm ak lòt klèje, reliye ak estaf pawas la.

Byenvini nan dezyèm pami twa sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo. Sa a se yon opòtinite ki beni pou nou ansanm sou chimen sa a. Nou swete ke eksperyans sa a se te yon eksperyans ki te anrichisan jiskisi. Yon fwa ankò, nou prezante devan pye Granmèt la pou n louvri kè nou bay Lespri Sen an. Menm jan nou te fè semèn pase a, ann prezan youn pou lòt ankò, pou koute ak aprann youn de lòt.

Pou moun ki pat ka vini dènye fwa a, nap di yo byenveni. Nou ankourage nou pou n li enfòmasyon jeneral sou pwosesis sa a nan Gid Patisipan w lan, si w potko gen opòtinite pou fè sa. Aswè a nou pral suiv menm estrikti nou te suiv dènye fwa a, nap priye ansanm epi nap pataje koze sou 2 nan kesyon pou apiye yo sou chimen sa a.

Priyè Douvèti (2 minit) Dirije priyè douvèti a. Si pastè a oswa djak la prezan, mande yo dirije oswa ofri yon benediksyon. Si wap itilize ekran an, tanpri afiche Priyè pou Sinòd la, *Adsumus Sancte Spiritus*, oubyen itilize kat ki gen priyè yo oswa priyè ki enprime nan gid yo a, si yo disponib.

Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd la ak règ debaz pou patisipan yo respekte (6 minit)

Men sa pou di:

Nap jis fè yon rapèl, pwosesis sinòd la mande pou koute aktivman e pou fè disèneman nan lapriyè. Aswè a nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè nou an, se ekout ak disèneman ki se puwen santral yo.

Nou pral gen 25 minit pou priyè ak refleksyon pèsonèl [bay detay sou kote w konn lapriyè oswa kote w konn fè Adorasyon, si sa aplikab].

Objektif la se pou nou vin devan Bondye avèk imilite epi pou n mande Lespri Sen an pou l gide nou nan refleksyon nap fè sou sijè konsiltasyon yo. Nap mande pou kè nou louvri pou yo resevwa enspirasyon Lespri Sen an. Sonje Women 8:26, "Nou pa konnen kijan pou n ta priye, men, Sentespri a limenm pale ak Bondye pou nou, li sèvi ak soupi nou pa menm mo pou n ta tradui yo."

Apre tan refleksyon w lan, nou pral retounen rasanble la a pou n pataje, nan ti gwooup nou yo, sa nou tande nan tan priyè nou an. Jan yo te mansyone li nan règ debaz pou patisipan yo respekte, pa blyie se pou youn bay lòt atansyon konplè li epi pou n koute vwa Bondye nan kè nou. Koute pou ka byen konprann sa zòt ap di lè w pran ak kè sa yap pataje. Etan nap fè pataj, gen moun ki pral pale, yon moun alafwa, san enteripsyon, etan zòt yo ap koute. Chak moun ap gen chans pou yo pale, si nou pa vle, nou gen dwa chwazi pou n pa pale. Pa blyie ke nou pa la pou n korije ni kritike youn ak lòt, men nou la senpleman pou n koute ak pataje sa nou gen nan kè nou konsènan kesyon byen presi yo soulve a.

Si nap itilize moderatè sou tab yo, di yo:

Tankou n te fè dènye fwa a, nou seleksyone moderatè pou tab yo pou ede asire ke chak moun ap gen chans pou l fè pataj nan ti gwooup yo.

Apresa kontinye seleksyone moun kap pran nòt yo (amwenske yo te deja chwazi yo davans oswa ke nou te deside kenbe menm moun kap pran nòt yo nan chak sesyon):

Chak ti gwooup ap gen yon moun kap pran nòt; tanpri pran yon ti tan pou seleksyone yon manm nan gwooup la ki pou pran nòt pou gwooup diskisyon w lan.

Bay gwoup la kèk minit pou yo ka chwazi moun kap pran nòt pou yo a, epi apresa envite moun kap pran nòt yo pou yo vin pran **Fèyè Nòt Ti Gwoup la** ak plim. Di yo:

Nou chak nou gen yon kopi ki gen 2 kesyon pou nou reflechi ak medite sou yo jodiya; tanpri akòde ase tan pou yo chak. Ann ale nan legilz la/nan chapèl la [oswa bay enstriksyon sou ki kote pou yo ale ak mòd refleksyon an] an silans. Nap retounen la a ankò nan ti gwoup nou yo, vè 7:15 p.m.

6:45 p.m. – 7:10 p.m.

Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl (25 minit)

Pa blye enprime kesyon sou sa nap gen pou n medite yo. Chak pawas ap kontinye fè tan priyè ak refleksyon pèsònèl sa a swa nan sanktyè a, nan chapèl la oswa yon kote yo rezève pou sa. Moderatè a fèt pou 1 avize yo a 7:09 p.m., lap di yo:

Li lè pou nou retounen nan ti gwoup yo. Na wè nan Sal la nan kèlke minit.

7:15 p.m. – 7:55 p.m.

Pataj ak dyalòg nan ti gwoup: Kesyon pou Apiye (1 ak 2)

Byenvini ankò. Anvan nou kòmanse pataje youn ak lòt, mwen vle fè tout moun sonje ke manm gwoup yo pral pataje pwòp refleksyon yo atoudewòl, youn apre lòt, san enteripsyon, pandan tan sa a, lòt manm gwoup yo ap koute. Moun kap pran nòt yo pral enskri refleksyon yo. Tanpri, pa kite repons nou yo depase 1-2 minit pou chak moun. [Si 1 prezan: Moderatè tab la pral ede gwoup la travay sou chak kesyon.]

Kesyon pou Apiye (1): Ekout ak Disèneman

Kesyon pou Apiye (2): Ko-Responsabilite ak Patisipasyon

*Tanpri, kòmanse pataje nan ti gwoup ou yo kesyon sou sa w medite yo ke yo dekri nan seksyon **Kesyon pou Apiye sou Ekout ak Disèneman**.*

Afiche kesyon ki pou gide yo sou gwo ekran an, si li disponib, epi di:

Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwoup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt pou ou a pral enskri yon rezime anonim sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.

Planifye 20 minit pou pataj kap fèt nan ti gwoup la. Tanpri fè anons la nan lè ki apwopriye a:

Rete nou senk minit pou seksyon sa a.

Planifye 5 minit pou fini seksyon sa a epi di yo:

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

*Tanpri, kòmanse pataje nan ti gwoup ou yo kesyon sou sa w medite yo ke yo dekri nan seksyon **Kesyon pou Apiye sou Ko-Responsabilite ak Patisipasyon***

Afiche kesyon ki pou gide yo sou gwo ekran an, si li disponib, epi di:

Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwoup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt yo pral enskri yon rezime sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.

Planifye 20 minit pou pataj kap fèt nan ti gwoup la. Tanpri fè anons la nan lè ki apwopriye a:

Rete nou senk minit pou seksyon sa a.

Planifye 5 minit pou fini seksyon sa a epi pase a konklizyon an ak priyè fèmti a.

7:55 p.m. – 8:00 p.m.

Konklizyon ak priyè fèmti. (Li enpòtan pou mete fen a rasambleman an alè)

Nou rive nan fen dezyèm sesyon sa a pami twa sesyon yo. Mwen ta renmen di nou tout mèsi pou pataj nou e poutèt nou te alekout. Ann lapriyè ansanm Priyè pou Sinòd la, Adsumus Sancte Spiritus [oswa fèmen li ak Glwa O Pè oswa yon ti priyè espontane byen kout pou aksyon degras].

Lè priyè a fini, di:

Nap mande moun ki pran nòt yo pou yo pote dokiman ki gen nòt yo devan an nan sal la.

*Nap redi li ankò, nou vreman apresye tan nou pran ak enèji nou depanse pou n vin patisipe nan dezyèm pami twa sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo. Nou espere ke nap wè ou semèn pwochèn nan dat [date] pou n kontinye lapriyè ak disèneman an ansanm. Si nou kapab, tanpri revwa davans, nan Tiliw Patisipan an, dènye **Kesyon pou Apiye yo sou Lapriyè ak Selebrasyon ak kesyon Konklizyon an sou Lespri Sen an.***

Pase yon bòn nui!

Deskripsiyon Detaye ak Maniskri (Opsyon 2 suit)

SEMÈN TWA

Pi ba a, moderatè a ap jwenn yon deskripsiyon detaye pou dènye nan twa semèn pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo. Karaktè regilye yo endike enfòmasyon direksyonèl. Karaktè ann *italik* yo endike yon maniskri yo sijere pou ede moderatè a dirije reyinyon yo.

Wòl moderatè a menm jan ak wòl yon Mèt Seremoni (MS). Moderatè a swete labyenveni epi li siveye reyinyon an, li bay mizajou sou tan ke yo konsakre pou chak seksyon (paregzanp "*Nou gen senk minit ki rete nan seksyon sa a*") epi li fè konvèsasyon gwoup la mache nan lè yo konsakre pou sa a.

Anvan w kòmanse sesyon an, tanpri konsilte **Pi Bon Metòd pou Jesyon Ti Gwoup** avèk **Lis Verifikasyon Moderate** a pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè a ki make pi ba nan gid sa a.

6:00 p.m.

Ospitalite opsyonèl, echanj amikal ak anrejistrem (30 minit)

Akeyi moun yo lè yo vini. Si posib, mande lòt manm ekip la pou yo ede w ak ospitalite, akèy, ofri moun yo kolasyon, itilize opòtinite a pou fè echanj amikal epi pou mete moun yo nan ti gwoup kote yo dwe ale a.

6:30 p.m. – 6:40 p.m.

Akèy ak entwodiksyon sware a (2 minit) Kòmanse sesyon entwodiksyon an alè. Prezante tèt ou bay patisipan yo epi envite patisipan yo prezante tèt yo bay manm gwoup ki chita sou menm tab avèk yo. Pa blye prezante pastè a ansanm ak lòt klèje, relije ak estaf pawas la.

Byenvini ankò. Sa a se dènye pami twa sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè nou yo. Nap di l ankò, nou swete ke eksperyans sa a se te yon eksperyans ki te anrichisan e ke lap kontinye pote rezulta etan nap prezante devan pye Granmèt la pou n louvri kè nou bay Lespri Sen an epi pou youn la pou lòt.

Pou moun ki pat ka vini dènye fwa a, nap di yo byenveni. Nou ankouraje nou pou n li enfòmasyon jeneral sou pwosesis sa a nan Gid Patisipan w lan, si w potko gen opòtinite pou fè sa. Aswè a nou pral gen menm estrikti ak sa nou te genyen nan 2 dènye sesyon yo, nap lapriyè ansanm epi nap pataje koze sou twazyèm kesyon pou apiye a ak sou kesyon fèmti a nan konsiltasyon sa a.

Priyè douvèti (2 minit) Dirige priyè douvèti a. Si pastè a oswa djak la prezan, mande yo dirige oswa ofri yon benediksyon. Si wap itilize ekran an, tanpri afiche Priyè pou Sinòd la, *Adsumus Sancte Spiritus*, oubyen itilize kat ki gen priyè yo oswa priyè ki enprime nan gid yo, si yo disponib.

Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd la ak règ debaz pou patisipan yo respekte (6 minit)

Men sa pou di:

Nap jis fè yon rapèl, pwosesis sinòd la mande pou koute aktivman e pou fè disèneman nan lapriyè. Aswè a nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè nou an, se ekout ak disèneman ki se puwen santral yo.

Nou pral gen 25 minit pou priyè ak refleksyon pèsonèl [bay detay sou kote w konn lapriyè oswa kote w konn fè Adorasyon, si sa aplikab].

Objektif la se pou nou vin devan Bondye avèk imilite epi pou n mande Lespri Sen an pou l gide nou nan refleksyon nap fè sou sijè konsiltasyon yo. Nap mande pou kè nou louvri pou yo resevwa enspirasyon Lespri Sen an. Sonje Women 8:26, "Nou pa konnen kijan pou n ta priye, men, Sentespri a limenm pale ak Bondye pou nou, li sèvi ak soupi nou pa menm mo pou n ta tradui yo."

Apre tan refleksyon w lan, nou pral retounen rasanble la a pou n pataje, nan ti gwooup nou yo, sa nou tande nan tan priyè nou an. Jan yo te mansyone li nan règ debaz pou patisipan yo respekte, pa blyie se pou youn bay lòt atansyon konplè li epi pou n koute vwa Bondye nan kè nou. Koute pou ka byen konprann sa zòt ap di lè w pran ak kè sa yap pataje. Etan nap fè pataj, gen moun ki pral pale, yon moun alafwa, san enteripsyon, etan zòt yo ap koute. Chak moun ap gen chans pou yo pale, si nou pa vle, nou gen chwazi pou n pa pale. Pa blyie ke nou pa la pou n korije ni kritike youn ak lòt, men nou la senpleman pou n koute ak pataje sa nou gen nan kè nou konsènan kesyon byen presi yo soulve a.

Si nap itilize moderatè pou tab yo, di yo:

Menm jan ak sesyon ki te fè anvan yo, nou seleksyone moderatè tab pou ede asire ke chak moun ap gen chans pou l pataje koze li nan ti gwooup la.

Apresa kontinye seleksyone moun kap pran nòt yo (amwenske yo te deja chwazi yo davans oswa ke nou te deside kenbe menm moun kap pran nòt yo nan chak sesyon):

Chak ti gwooup ap gen yon moun kap pran nòt; tanpri pran yon ti tan pou seleksyone yon manm nan gwooup la ki pou pran nòt pou gwooup diskisyon w lan.

Bay gwoup la kék minit pou yo ka chwazi moun kap pran nòt pou yo a, epi apresa envite moun kap pran nòt yo pou yo vin pran **Fèyè Nòt Ti Gwoup la** ak plim. Di yo:

Nou chak nou gen yon kopi ki gen 2 kesyon pou nou reflechi ak medite jodiya, tanpri akòde ase tan pou yo chak. Ann ale nan legilz la/nan chapèl la (oswa bay enstriksyon sou ki kote pou yo ale ak mòd refleksyon an) an silans. Nap retounen la a ankò nan ti gwoup nou yo, vè 7:15 p.m.

6:45 p.m. – 7:10 p.m.

Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl (25 minit)

Pa blye enprime kesyon sou sa nap gen pou n medite yo. Chak pawas ap kontinye fè tan priyè ak refleksyon pèsònèl sa a swa nan sanktyè a nan chapèl la oswa yon kote yo rezève pou sa. Moderatè a fèt pou 1 avize yo a 7:09 p.m., lap di yo:

Li lè pou nou retounen nan ti gwoup yo. Na wè nan Sal la nan kèlke minit.

7:15 p.m. – 7:55 p.m.

Pataj ak dyalòg nan ti gwoup: Kesyon pou Apiye (3)

Byenvini ankò. Anvan nou kòmanse pataje youn ak lòt, mwen vle fè tout moun sonje ke manm gwoup yo pral pataje pwòp refleksyon yo atoudewòl, youn apre lòt, san enteripsyon, pandan tan sa a, lòt manm gwoup yo ap koute. Moun kap pran nòt yo pral enskri refleksyon yo. Tanpri, pa kite repons nou yo depase 1-2 minit pou chak moun. [Si 1 preznan: Moderatè tab la pral ede gwoup la travay sou chak kesyon.]

Kesyon pou Apiye (3): Lapriyè ak Selebrasyon

*Tanpri, kòmanse pataje nan ti gwoup ou yo kesyon sou sa w medite yo ke yo dekri nan seksyon **Kesyon pou Apiye sou Lapriyè ak Selebrasyon.***

Afiche kesyon ki pou gide yo sou gwo ekran an, si li disponib, epi di:

Tanpri, pa ezite pataje sa nou panse nan ti gwoup la; men kesyon yo sou ekran an oswa itilize papye nou yo kòm gid. Moun kap pran nòt pou ou a pral enskri yon rezime anonim sou diskisyon nou fè yo. Map mansyone tan an epi alèkile nap pase nan pwochen kesyon an.

Planifye 20 minit pou pataj kap fèt nan ti gwoup la. Tanpri fè anons la nan lè ki apwopriye a:

Rete nou senk minit pou seksyon sa a.

Planifye 5 minit pou fini seksyon sa a epi di yo:

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

*Nou pral fè ti chanjman nan estrikti nou konn itilize a, puiske nou pral pran 5 -10 minit pou n lapriyè an silans ak ti gwoup ou a, lè nou fin envoke Lespri Sen an ankò atravè yon lapriyè "Lespri Sen Desann" oswa atravè yon lapriyè enpwovize. Alekile, apatide ti pataj ki fèt nan ti gwoup ou a, **site yon pèsepsyon kote w te tandem vwa Lespri Sen pandan sesyon sa yo oswa pataje yon pèsepsyon ki sou kè w lè w te fin lapriyè.***

Planifye 5-10 pou lapriyè, di yo:

Tanpri kòmanse pataje byen brèf yon pèsepsyon apati ekperyans nou fè nan sesyon ekout sa yo oswa baze sou ekperyans nou fè nan tan lapriyè nou an.

Planifye 5-10 minit pou pataj kap fèt nan ti gwoup la. Tanpri fè anons la nan lè ki apwopriye a:

Rete nou senk minit pou seksyon sa a. Lè nou fini, nap mande moun ki pran nòt yo pou yo pote nòt yo remèt devan an nan sal la.

7:55 p.m. – 8:00 p.m.

Konklizon ak priyè fèmti.

Nou rive na fen konsiltasyon [pawas/non gwoup la] pou Sinòd sa a. Mwen ta renmen di nou tout mèsi pou pataj nou e poutèt nou te alekout. Kòmantè yo rekeyi nan ti gwoup yo pral ede pawas la/kominote a monte yon rapò ke yo pral enkòpore nan rapò dyosèz la, ansanm ak rapò lòt pawas yo/kominote yo atravè achidyosèz la e yap fè li ak rapò ki soti nan rasanble rejyonal yo. Finalman, si w potko fè sa déjà, tanpri pran yon ti tan pou ranpli sondaj sinòd la sou entènèt epi ankouraje zòt fè menm bagay la.

Montre paj entènèt Sinòd la pou fè tout moun sonje ki kote yo ka jwenn sondaj la: archatl.com/synod.

Tanpri, kenbe pwosesis sa a nan lapriyè nou san rete, puiske li enpòtan pou n aprann viv sinodalite a toulejou, kote nou fè chimen ansanm, kote youn koute lòt, e sa ki pi enpòtan an, pou n koute Lespri Sen an toulejou.

Mèsi epi ke Bondye beni nou.

Ann Lapriyè ansanm pou Sinòd la, Adsumus Sancte Spiritus.

Nap mande nou pou n resite priyè sa a toulejou, nan maten lè nou leve, pou n lage nan men Granmèt la travay Sinòd la ap gen pou fè yo. [Priye...]

Pase yon Bòn nui!

Resous Anplis pou Sesyon Ekout yo

Lis Verifikasyon Moderatè a
(pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo)

Lis Verifikasyon Volontè yo:

- Ekip ospitalite a
- Entèsesè/gadyen ki pou rete ap priye etan sesyon ekout ak pataj yo ap fêt
- Redaktè Rapò: Pastè/dirijan avèk moun/ekip yo seleksyone pou konsolide nòt yo pran nan ti gwoup yo nan rapò pawas la epi pou telechaje yo nan <https://archatl.com/synod/>.

Lis Verifikasyon pou Materyèl:

- Gid pou Moderatè
- Etikèt pou non yo
- Fèy anrejistreman
- Kopi kesyon disèneman yo: youn pou chak moun epi youn pou chak tab
- Manje/ospitalite
- [Resous pou priyè pandan Lè Sent la](#)
- Kopi Fèy Nòt yo
- Espas yo mete pou ti gwoup yo

Anvan Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè a:

- Plan pou mizanplas, selon lokal la, epi bay ekip la ak volontè yo responsabilite yo genyen yo.
- Envite kominate a; pou fè sa, fè piblisite pou Sinòd la nan imèl oswa pa nenpòt lòt metòd komunikasyon pawas/gwoup, nan Lamès, nan bilten w yo, epitou mande tout pawasyen pou yo bay opinyon yo epi pou yo koute opinyon frè ak sè yo genyen, lè yo vin patisipe nan sesyon kap fêt nan pawas la oswa lè yo ranpli sondaj ki sou entènèt la. Pa blyie envite moun ki pa vin lamès regilyèman yo. Sinòd sa a se yon sinòd ki pou tout moun e se yon bél opòtinite pou nou fè rankont ak fè evanjelizasyon.
- Ankouraje patisipan yo ale sou sit <https://archatl.com/synod> pou yo ka telechaje Tiliv Patisipan an.
- Chwazi yon moun kòm redaktè rapò a ki pou tape nòt yo rekeyi nan ti gwoup yo nan yon rapò pou pawas la.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

- Envite entèsesè/gadyen ki pou pèmèt Ekspozisyon Sen Sakreman an nan chapèl la pandan pati pataj ak dyalòg yo ap fêt nan sal pawasyal la.

Nan Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè a:

- Nap envite pawas yo pou yo konsidere bay opòtinite pou moun lapriyè ak fè refleksyon pèsonèl devan Sen Sakreman an. Nou ankouraje patisipan yo reflechi sou tèm ak kesyon ke nou pran an konsiderasyon yo nan limyè Lespri Sen an. Nou ka itilize [resous pou priyè pandan Lè Sent la](#) ke yo te devlope pou Renouvèlman Ekaristik achidyosezen an. Nou ka konsidere Levanjil ki koresponn ak Lamès ki fêt nan jounen an oswa yon lòt pasaj apwopriye nan Ekriti Sent la pou nou ankouraje lapriyè ak meditasyon sou pawòl Bondye a.
- Entèsesè/gadyen yo* - pawas yo ka konsidere envite entèsesè/gadyen yo ki pou pèmèt yo Ekspoze Sen Sakreman an nan chapèl la etan sesyon ekout la ap fêt nan sal pawasyal la.
- Oswa, pawas/gwoup yo ka chwazi pou ofri tan pèsonèl pou refleksyon, yo ka ankouraje patisipan yo pou fè disèneman anba limyè Lespri Sen an.
- Bay ospitalite tèlke moun kap fè akèy, kap jere manje ak kolasyon pou kreye yon atmosfè akeyan pou tout moun kap vini yo.
- Pote etikèt pou make non moun defason pou ankouraje konvèrsasyon, espesyalman pou moun ki vini pou premye fwa.
- Mande patisipan yo pou yo anrejistre yo, lè sa a, wap kapab kolekte non ak imèl yo e wap ka mande yo si yo ta renmen gen plis enfòmasyon sou pawas la/sou kominate a.
- Mande patisipan yo pou yo rasanble nan plizyè ti gwoup senk a sis moun konsa tout moun ap gen opòtinite pou yo pataje ak koute ansanm. Si w gen plizyè ti gwoup, asire w ke gen yon moun kap pran nòt nan chak gwoup. Epitou w ka ankouraje ti gwoup yo pataje avèk tout gwoup la lè yo fin diskite.

Apre Sesyon Ekout la:

- Fè suivi avèk patisipan yo. Yon lòt rezulta pozitif ki soti nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè a se pou konsidere kijan fidèl yo kapab kontinye envite patisipan yo vin patisipe piplis ak vin gen lidèchip nan lavi pawas la. Nou ankouraje pawas yo fè suivi ak patisipan yo, menm si se kontak endividiyèl, pou ankouraje yo vin pote-kole nan pawas la/nan kominate a.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

- Soumèt opinyon pawas ou/gwoup ou sou entènèt disi 31 mas 2022. Si responsabilite pawas la/gwoup la pou l idantifye ki moun ki pral kolekte opinyon yo epi soumèt fòm sou entènèt la pou pawas/gwoup ou. Nap mande pawas ki gen plizyè sesyon ekout avèk divès odyans pou yo konsolide tout opinyon yo rekeyi yo nan yon sèl rapò (gade enstriksyon ki pi devan nan gid sa a).
- Chwazi 2 Delege Sinòd nan pawas la pou yo patisipe nan yon rasanbleman rejyonal achidyosezen.

Pi Bon Pratik pou Jesyon Ti Gwoup

Ospitalite

Pwosesis sinodal la ap ofri yon opòtinite pou 1 afiche ospitalite entansyonèl pou tout patisipan yo. Plizyè pawas oswa lòt kominote ka swete labyenveni pou moun ki retounen yo apre pandemi a nan yon gwo evènman pou premye fwa. Konsidere "premye 10 minit yo," kote ekip la ka antisipe eksperyans ke vizitè ak pawasyen ki retounen yo ka genyen, epitou mete afich ki klè epi fè ansòt gen moun ki la pou fè akèy ki gen etikèt ki gen non yo make sou yo e ki gen yon bél souri sou figi yo.

Ospitalite pa nesesèman vle di pou bay manje ak bwason, ni sa pa vle di pou depanse anpil lajan pou sa. Pawas ak lòt kominote yo, toudepann de kontèks yo, kapab chwazi pou yo ofri yon repa oswa kolasyon pou akomode envite yo; neyanmwen li pa estrikteman nesesè. Gen apeprè 1,500 ane desa, St. Benedict te ekri nan règ li te tabli pou lavi monastik li a: "Se pou nou resevwa tout envite ki vini tankou nou ta resevwa Kris, paske Kris pral di, 'Mwen vini antanke yon envite, epi nou resevwa m'" (Mt 25:35).

Moderatè Tab yo

Nou rekòmande pou nou envite moderatè tab yo pou yo jere konvèsayon an ak pataj yo nan lè ki apwopriye yo, espesyalman si pawas la/kominote a ap planifye pou 1 ofri yon gwo sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè. Moderatè yo fèt pou yo genyen yon kopi Gid pou Moderatè a ansanm avèk Gid pou Patisipan an tou, pou asire ke yo byen konprann e ke yo se sipòtè pwosesis konsiltasyon an ki chaje ak antouzyas. Nou rekòmande yon reyinyon fòmasyon (swa vityèl oswa an pèsòn) pou yo ka familyarize yo ak metodoloji a ak pwogram jounen an. Ankouraje yo lapriyè pou kèlkeswa envite parèy yo kap sou menm tab avèk yo, pou kè yo alekout sou sa Lespri Sen an ap di ak sou sa zòt ap di tou. Fòk moderatè yo montre ke yo enterese e fòk yo respekte envite yo, fòk yo eseye fè diskisyon an maché, epi fòk yo asire ke patisipan yo obsève règ patisipasyon an ki se youn a de (1-2) minit. Moderatè yo ka toujou di kichòy tankou: "[site non moun nan] map di w mèsi anpil poutèt ou fè pataj sa a, ann bay zòt opòtinite pou yo fè pataj tou; si nou gen tan toujou, nou ka tounen sou ou." Lide a se pa pou entewonp yon envite bripsoukou, men pou jantiman jere tan an ak opòtinite pale a pou tout moun.

Rekòmandasyon pou Kominikasyon sou Lapriyè/Règ Debaz Pou Patisipan Respekte*

(Planifye pou bay kèk kopi sou sa ki make anba a pou bay chak patisipan/chak ti gwoup.)

P – PRIYE epi MEDITE anvan e apre w fin pale. Mande Grammèt la pou l antre nan kè w, nan tèt ou ak nan bouch ou lè w kòmanse pale. Epitou, medite sou sa yo pataje a e sou sa Granmèt la ap mete sou kè w.

R – Ou RESPONSAB pou pwòp panse w ak pwòp santiman w yo, evite tantasyon pou pa lage blàm sou zòt. Se menm jan an, sonje ke w pa responsab pou sa zòt panse oswa pou santiman yo nan gwoup ou a. Nan yon kontèks kote moun ap koute ak pataje, pagen pwoblèm si nou varye panse ak santiman nap pataje yo.

A – AKSEPTÉ pou pèmèt zòt pale ak pataje sa yo gen pou di san w pa korije ni kritike yo. Si w pi ouvè e si w pi konvenkan nan konvèrsasyon, li ta pi bon si w te ka koute plis epi pèmèt sa ki pa abitye pale yo pou pale anvan. Nou espere tandé sa tout moun gen pou di nan pwosesis sinodal sa a, sitou moun ki pa fè pati majorite a.

Y – Ou dwe gen YON atansyon patikilye parapò ak sa w panse, ak sa w santi, ak opinyon w oubyen menm ak prejje w yo. Mande tèt ou "Poukisa m santi m konsa a oswa m panse konsa?"

E – Aplike yon EKOUT avèk konpasyon, epi rete atantif, pa sèlman ak mo yo di yo, men ak santiman yo eksprime yo tou. Eseye mete tèt ou nan sityasyon moun kap pale a pou ka ede w vreman santi sa moun nan santi a.

R – RESPEKTE tout moun jan Jezi te anseye nou: *se pou youn renmen lòt*. Evite minimize oswa neglige panse oswa eksperyans lòt moun. Toujou chèche kontwole emosyon w lè wap pale e lè wap koute, fè prèv jantiyès ak jenewozite vizavi zòt.

Wòl Moun Kap Pran Nòt yo

Yo pral fè envite yo konnen ap gen yon moun ki pral pran nòt/yon sekretè sou chak tab ki pral pran nòt (se kapab youn nan envite yo ki pòte tèt yo kòm volontè, oswa yon pawas/yon gwoup ka chwazi pou l deziyen moun ki pou pran nòt yo davans.) Nòt yo ap rete anonim. Nòt yo pran nan tout ti gwoup ki nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo pral ede w kreye yon rapò rezime pawas/gwoup la (yon rapò pou chak pawas/gwoup, ki rezime tout lapriyè ak tout eksperyans ekout ak patj yo). Yo pral voye rapò somè pawas/gwoup sa a bay Ekip Sinòdacheveche a ki limenm pral kreye yon rapò achidyozezen ki

* Pou ka gen plis konsiltasyon sou Rekòmandasyon pou Kominikasyon yo konsilte, *Kominikasyon Entèkiltirèl: Pwosesis Envitasyon Mityèl (Intercultural Communication: The Mutual Invitation Process)* ke wap jwenn nan: USCCB, Developman Konpetans Entèkiltirèl pou Minis yo:: Edisyon bileng (USCCB, Building Intercultural Competence for Ministers: Bilingual edition). Washington, D.C., 2014 ke w ka jwenn nan: <https://www.usccb.org/committees/cultural-diversity-church/bicm-appendices>

baze sou rapò pawas/gwoup yo, sou rasanbleman rejyonal yo e sou opinyon yo rekeyi nan sondaj ki fèt anliy yo e ki fèt nan lòt rankont yo.

Kesyon pou Sesion Ekout yo

Nou ofri kesyon suivan yo kòm kesyon prensipal pou gide sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo pou pawas/kominote nan Achidyosèz Atlanta a. Pawas yo oswa lòt gwoup yo ka adapte oswa modifye kesyon yo selon peryòd la, selon sikorans ak bezwen yo. Si yo fè kèk adaptasyon, nap ankouraje kominote yo suiv tèm ak kesyon yo sijere nan Dokiman Preparatwa Sinòd la ak nan Vademecum la kòm yon gid (gade kesyon opsyonèl yo sijere pi ba a tou). Ap gen yon sondaj anliy kap konplete opinyon yo pran nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo nan pawas/kominote a ak nan rasanbleman rejyonal yo.

Kesyon Fondamantal la

Yon Legliz sinodal, lè lap anonse Levanjil la, "li fè chimen ansanm." Kijan "fè chimen ansanm" sa a ap fèt jodiya nan pawas/kominote nou an? Kijan Lespri Sen an ap envite pawas/kominote nou pou l grandi nan "fè chimen ansanm" lan?

- Kisa "fè chimen ansanm" reprezante pou ou? Ki eksperyans ki vin nan tèt ou?
- Kisa ki te ba w lajwa nan pawas/kominote nou an? Ki difikilte ak obstak parapò ak fè chimen ansanm, oswa parapò ak patisipasyon aktif ak dinamik nan lavi pawas/kominote a, ke w te rankontre?
- Ki kote nan eksperyans sa yo ke w tande Lespri Sen an ap envite kwasans?

Tèm Kle ak Kesyon pou Apiye

Ekout ak Disèneman

Ekout se yon premye etap ki mande yon espri ak yon kè ouvè, san prejije. Disèneman nan yon estil sinodal, ki mande anpil atansyon a Lespri Sen an atravè priyè ak pataj kominote antyè a, depann tou dabò sou ekout.

- Kijan w tande vwa Bondye toulejou?
- Kijan Bondye pale avèk nou atravè vwa ki pami nou yo, ikonpri sa ki nan periferi yo (moun ki pòv, ki majinalize, ke yo ekate sosyalman, sa ki pa afilye, elatriye)? Kijan nou koute vwa ki soti nan periferi yo san prejije?

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

- Ki espas pawas/kominote nou an bay pou n koute ak pataje (pale lib) pamí tout manm yo e pamí moun ki pa konekte regilyèman ak kominote nou an?
- Kijan nou ka ansanm disène volonte Bondye nan pawas/kominote nou an, e ki wòl konsiltasyon sa jwe?

Ko-Responsabilite ak Patisipasyon

Sinodalite osèvis misyon Legliz la kote yo mande pou tout manm yo patisipe. Tout sa ki batize yo ko-responsab pou ranpli misyon Legliz la—pou pwoklame Levanjil la epi pou yo fè disip pou Jezi Kri.

- Kisa ki pèmèt ou ki anpeche w bay temwayaj ak pale avèk kouraj e responsabilite nan pawas/kominote nou an aknan sosyete a?
- Kijan yo rele tout manm pawas/kominote e kijan yo ankouraje yo pou patisipe nan misyon Legliz la pou yo pwoklame Levanjil la?
- Ki obstak ou remake ki genyen nan apostola ak patisipasyon aktif ke w wè?
- Nan ki sans ke yo mete an pratik travay ann ekip ak ko-responsabilite pou misyon an nan pawas/kominote nou an?

Lapriyè ak Selebrasyon

Sa ki santral pou "mache ansanm" se ekout kominal Pawòl Sent yo ak selebrasyon Ekaristi a.

- Kijan lapriyè ak selebrasyon litijik la, espesyalman Lamès Ledimanch, enspire ak gide pawas/kominote nou an nan lavi ak misyon nap pataje a?
- Kijan koute Pawòl Bondye a ansanm (paregzanp Lasent Mès, gwoup kap etidye Ekriti Sent yo, elatriye) enspire pawas/kominote nou an pran desizyon ki pi enpòtan yo?
- Kisa "Ekaristi a" reprezante pou ou? Kijan Ekaristi a enspire lavi w ak aksyon w yo?
- Kijan nou ankouraje patisipasyon aktiv tout fidèl yo nan lapriyè, nan litiji a ak nan sakreman yo?

Kesyon pou Konklizyon – Koute Lespri Sen an

Pran 5 -10 minit pou lapriyè an silans ak ti gwooup ou a, lè w fin envoke Lespri Sen an ankò atravè yon lapriyè "Lespri Sen Desann" oswa atravè yon lapriyè enpwovize. Alèkile, apatide ti pataj ki fèt nan ti gwooup ou a, **site yon pèsepsyon kote w te tandem vwa Lespri Sen jodiya a, oswa pataje yon pèsepsyon ki sou kè w lè w te fin lapriyè.**

Kesyon Adisyonèl ki Opsyonèl – Yo ka entegre kesyon sa yo nan kesyon ki anwo yo oswa yo ka adapte yo pou gwooup ki andeyò lavi pawas la oswa ki andeyò kad ministè a:

Sou Bondye ak Legliz Katolik la

- Ki panse ak ki eksperryans ki vin nan tèt ou lè w tandé yo mansyone "Bondye?"
- Kisa yon relasyon avèk Bondye reprezante pou ou?
- Ki panse ak ki eksperryans ki vin nan tèt ou lè w tandé yo mansyone "Jezi Kri?"
- Kisa yon relasyon ak Jezi reprezante pou ou?
- Ki panse ak ki eksperryans ki vin nan tèt ou lè w tandé yo mansyone "Legliz Katolik" oswa "ke yon moun Katolik?"

Dyalòg ak Relasyon avèk Zòt

- Èske w konnen kijan Legliz Katolik la ankouraje dyalòg ak kijan li dyaloge ak zòt? Kijan yo ka ranföse sa?
- Èske w konnen kijan Legliz Katolik la mache ansanm ak lòt Kretyen yo? Kijan yo ka ranföse sa?

Lòt Sijè ki Gen Rapò ak Sinodalite

- Kisa otorite reprezante pou ou?
- Kisa koute reprezante pou ou?
- Kisa disèneman reprezante pou ou?
- Kijan nou ka kominiye pi byen sou fason yo pran desizyon ak fè aksyon nan Legliz Katolik la?
- Sinodalite gen ladan aksepte pou fè chanjman, fòmasyon ak aprantisaj kontinyèl. Kijan w viv sinodalite nan lavi w toulejou?

Tanpri note: Sonje, Dokiman Preparatwa Sinòd la ak Vademecum lan gen plis kesyon posib ke gwooup yo kapab adapte.

Fèy pou pran Nòt nan Ti Gwoup yo

(se moun kap pran nòt yo ki pou ranpli l)

Tanpri, itilize fôma suivan an pou ekri yon rezime pwen prensipal ak enspirasyon ke nou te pataje yo pandan konvèsasyon ki fêt nan ti gwoup ou a. Itilize vèso fèy sa a oswa fèy anplis pou ka gen plis espas si w bezwen. Tout pèsepsyón yo anonim, donk tanprisouple, piga ekri non moun ki pataje 1 la, annik ekri yon rezime de pèsepsyón li fè a.

Kesyon Fondamantal la

Tèm Kle ak Kesyon pou Apiye

a) Ekout ak Disèneman

[Tèm Altènativ: _____]

b) Ko-Responsabilite ak Patisipasyon

[Tèm Altènativ: _____]

c) Lapriyè ak Selebrasyon

[Tèm Altènativ: _____]

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderate

Kesyon pou Konklizyon – Koute Lespri Sen an

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Kesyon Adisyonèl ki Opsyonèl – Sou Bondye ak Legliz Katolik la

Dyalòg ak Relasyon avèk Zòt

Lòt Sijè ki Gen Rapò ak Sinodalite

Priyè pou Sinòd la: *Adsumus Sancte Spiritus*

Adsumus, Sancte Spiritus

Nou vin devan Ou, Lespri Sen

Priyè pou Envokasyon a Lespri Sen pou yon gouvènans asanble eklezyal
oswa pou disèneman (kidonk, sinodal)

Nou vin devan Ou, Lespri Sen, etan nou reyini ansamn nan
non Ou. Se ou menm sèl ki se gid nou, vin pran lojman nan kè
nou; Montre nou ki wout pou n fè epi oryante nou sou wout
la. Nou fèb e nou se pechè; Pa kite nou pwovoke dezòd. Pa
kite inyorans fè nou fè move chimen, ni nonplis tou pa kite
pasyalite enfliyanse zak nou poze. Fè nou jwenn nan Ou initie
nou pou nou ka fè chimen ansamn vè lavi etènèl, e san nou
pa elwaye nou de chimen verite a ak lajistik. Nap mande W
tout sa, Oumenm kap travay tout kote ak tout tan, nan
kominyon avèk Pè a e ak Fis la, pou dè syèk e dè syèk.
Amèn.



SINÒD EVÈK YO

Chak sesyon Dezyèm Konsil Vatikan an kòmanse ak lapriyè *Adsumus Sancte Spiritus la*, ki se premye mo laten orijinal la, ki vle di, "Nou vin devan Ou, Espri Sen," ke yo toujou abitye itilize nan Konsil yo, nan Sinòd yo ak nan lôt rasanbleman Legliz depi dè syèk e dè syèk, e yo di se Sen Izidò nan Seville (c. 560 - 4 Avril 636) ki te kòmanse fè sa. Nou ka jwenn vèsyon orijinal *Adsumus Sancte Spiritus la* sou sitwèb Sinòd la.

Tèm ki nan Glosè a

Glosè sa a, se Sekretarya Jeneral Sinòd Evèk yo ki kreye li e ou ka jwenn li nan

<https://www.synod.va/content/dam/synod/document/common/resources/Glossary.pdf>.

Otorite

Nouvo Testaman an itilize yon tèm espesifik pou eksprime pouvwa Jezi te resevwa nan men Papa a pou l bay sali, e Jezi te egzèse l sou tout kreyati nan pouvwa (δύναμις) Espri Sen an: ἔσωσις (otorite). Li transmèt lagras ki fè nou tounen "pitit Bondye" (cf. Jan 1,12). Apot yo resevwa ἔσωσις sa a nan men Granmèt ki resisite a, ki voye yo ale anseye nasyon yo, lè yo batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Espri Sen an ak lè li montre yo pou yo obsève tou sa Li te pase lòd pou fè. (cf. Matye 28, 19-20). Gras ak batèm, chak manm ki nan Pèp Bondye a resevwa yon pati nan otorite sa a, puiske yo resevwa "onksyon Lespri Sen an" (cf. 1 Jan 2,20.27), puiske Bondye ba yo leson (cf. 1 Jan 6,45) e puiske Bondye gide yo "nan laverite konplè" (cf. Jan 16,13).

(ITC, Syn., no. 17)

Pa dwe gen okenn distans ni separasyon ant kominate a ak Pastè 1 yo - ki gen kòm devwa pou yo aji nan non sèl Pastè a - sepandan fòk gen yon distenksyon ant tach yo nan resipwosite kominyon an. Yon sinòd, yon asanble, yon konsil pa ka pran desizyon san Pastè lejitim li yo. Fòk pwosesis sinodal la fèt nan kè yon kominate ki estrikture yerachikman. Nan yon dyosèz, paregzanp, li nesesè pou distenge ant pwosesis pou pran desizyon atravè yon egzèsis komèn pou disèneman, konsiltasyon ak koperasyon, ak priz desizyon, ki relve de konpetans Evèk la, ki limenm se garan apostolisite ak Katolisite a. Travay pou rezoud bagay yo se yon tach sinodal; desizyon se yon responsabilite ministryèl. Yon egzèsis kòrèk sinodalite oblige travay pou ka gen yon pi bon atikilasyon ministè a onivo pèsonèl e onivo egzèsis kolejyal otorite apostolik ak egzèsis sinodal disèneman an sou bò kominate a. (ITC, Syn., no. 69)

Batèm ak Konfirmasyon

Batèm se sakreman ki pèmèt nou antre nan Pèp Bondye a, li libere nou de peche orijinèl la e se li ki fè yo adopte nou kòm pitit gason ak pitit fi Bondye nan Kris. Batèm se idantite fondamantal tout fidèl, ikonpri prèt, reliye ak moun layik yo. Pap Franswa dekri misyon chak moun ki batize antanke yon moun ki se yon disip misyonè nan

mitan Pèp Bondye a, pou l pote limyè Levanjil la nan tout kwen ki gen nan lemond.

Grasa batèm yo, tout manm ki fè pati Pèp Bondye a vin tounen disip misyonè (cf. Mt 28:19). Tout batize yo, kèlkeswa pozisyon yo nan Legliz la oswa kèlkeswa nivo enstriksyon yo genyen nan lafwa a, se ajan evanjelizasyon yo ye, e sa pa ta lizay pou nou ta anvizaje yon plan evanjelizasyon kote se pwofesyonèl kap travay sou li sèlman pandan ke rès fidèl yo senpleman kwaze bra yo san yo pa fè anyen. Nouvo evanjelizasyon an mande pou chak moun ki batize vin pote kole pèsonèlman nan sa kap fèt. Se de tanzantan yo ankouraje chak Kretyen pou l pote kole kòmsadwa nan travay evanjelizasyon an; toutbon vre, nenpòt moun ki vreman santi lanmou Bondye ki sove, pa bezwen twòp tan ni anpil fòmasyon pou l ale preche pawòl lanmou sa a. Chak Kretyen se yon misyonè pouvi ke li atenn yon pwen kote li vin fasafas ak lanmou Bondye nan Jezi Kri: alèkile nou pap di se "disip" ak "misyonè" nou ye ankò, men depreferans nap di se "disip misyonè" nou toujou ye. Si nou pa konvenki, ann gade premye disip sa yo, ki, tousuit apre yo te fin kwaze rega Jezi, yo pati pou y al pwoklame li ak kè kontan: "Nou jwenn Mesi al!" (Jn 1:41). Dàm Samaritèn nan vin tounen yon misyonè imedyatman apre 1 fin pale ak Jezi epi anpil Samariten te kwè nan Jezi "poutèt sa madanm lan te di yo" (Jn 4:39). Sen Pòl tou, apre rankont li te fè ak Jezi Kri, "misye te pwoklame Jezi imedyatman" (Travay 9:20; cf. 22:6-21). Kidonk ki sa nap tann? (Evangelii Gaudium, nimewo 120) Se grasa sakreman konfirmasyon ke fidèl yo resevwa plenitud don Lespri Sen an. Avèk Konfirmasyon an, nou vin toupare pou ranpli misyon yo konfyé nou lè nou te batize. Lespri Bondye ba nou an, pèmèt nou viv defason ki pi pwofon vokasyon primòdial nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye kap "Bondye Papa!" (Women 8:15) Li pa rele nou sèlman pou ranpli misyon nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye, men pou nou envite zòt tou nan relasyon filyal sa a ak Papa a nan Kris, e se grasa Lespri Sen an ke nou ka patisipe.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Karis

Yo eksprime éxousia (otorite) Bondye a nan Legliz la atravè divès don espirityèl (ta pñewmatiká) oswa karis (ta xáriòmatata) ke Lespri Sen an pataje pamí Pèp Bondye a pou nou ka bati yon sèl Kò Kris. Lè nap egzèse don sa yo, fòk nou respekte yon objektif tágis, defason pou yo devlope ann amoni ak pote fwi ke yo sipoze pote pou byennèt tout moun (cf. 1 Korentyen 12,28-30; Efeyen 4,11-13). Pamí yo, se Apot yo ki gen premye plas - avèk yon wòl espesyal e primòdial ke Jezi te atriye bay Simon Pyè (cf. Matye 16, 18f., Jan 21, 15ff.): ofèt yo konfyé yo ministè a pou yo gide Legliz la nani fidelite ak depositum fidei (1 Timote 6, 20; 2 Timote 1, 12,14). Sepandan mo xáriòma a evoke tou karaktè benevòl e varye inisyativ lib Espri a ki akòde chak moun pwòp don li pou byen tout moun (cf. 1 Korentyen 12,4- 11; 29-30; Efeyen 4,7), toujou nan kad soumisyon ak sèvis mityèl (cf. 1 Korentyen 12,25): puiske pi gwo don an, don ki kontwole tout don yo, se lanmou (cf. 1 Korentyen 12,31). (ITC, Syn., no. 18)

Legliz

Lè li konsidere pèspektiv eklezyolojik Vatikan II a, Pap Franswa te fè kwoki imaj yon Legliz sinodal antanke "yon piramid envèse" ki gen ladann Pèp Bondye a ak Kolèj Evèk yo, e youn nan manm yo, Siksèsè Pyè, gen yon ministè inite espesifik. La a, somè a anba baz la. "Sinodalite antanke yon eleman konstititif Legliz la, ofri nou kad entèpretatif ki pi apwopriye a pou n konprann ministè yerachik la limenm.... Pou Jezi te ka fonde Legliz la, li te mete Kolèj Apot yo sou tèt li, kote ke Apot Pyè se "wòch la" (cf. Matye 16,18), se limenm ki gen obligasyon pou 1 "konfime" frè 1 yo nan lafwa a (cf. Lik 22,32). Men nan Legliz sa a, menm jan ak yon piramid ki envèse, tèt la anba baz la. Pa konsekan, moun ki egzèse otorite, yo rele yo 'minis', paske, nan siyifikasiyon oriijinal mo a, se yomenm ki pi piti pamí yo tout" [68]. (ITC, Syn., no. 57)

Konsansis

Konsansis nan kontèks Pwosesis Sinodal la pa vle di inifomité ni yon majorité demokratik. Sa ta inyore lefèt ke Lespri Sen an ka pale atravè pawòl yon sèl manm ki nan Pèp Bondye a oswa atravè yon ti gwoup. Okontré, konsansis nan kle sinodal refere ak pwosesis pou youn koute lòt defason pou disène chimen komen an ke Bondye mande nou suiv nan yon lespri kominyon, ke Lespri Sen an gide.

Konsiltasyon

Nan Sinòd ki te fèt anvan yo, yo te konn itilize kesyonè pou jwenn konsiltasyon e kesyonè sa yo tap sikile pamí fidèl yo anvan yon rasanbleman Sinòd Evèk yo a Ròm sou yon sijè an patikilye. Sinòd kap fèt kounye a, ap chèche pou 1 elaji eksperyans "konsiltasyon an" defason pou 1 ka vanse vè yon Legliz sinodal ki tande e ki angaje tout Pèp Bondye a pi plis. Nan sans sa a, nou ka di aktyèlman "konsiltasyon" an ap pran fòm pou ka gen plis "patisipasyon." Sinòd Evèk kap fèt a Ròm lan pa reprezante sòm total eksperyans Sinodalite nan Legliz la ankò, men depreferans se kilminasyon yon pwosesis ki pran tan kote vwa Lespri a retanti sou tout Legliz la, onivo dyosèz la, onivo nasyonal, onivo kontinental e onivo inivèsèl.

Kominyon

Sinodalite se yon ekspresyon ki reyèl nan Katolisite Legliz la antanke kominyon. Nan Legliz la, Kris la, preznan antanke Tèt la ki ini ak Kò Li (Efeyen 1,22-23) detèl fason ke li resevwa nan men Li tout sa sali a reprezante. Legliz la se yon Legliz Katolik tou paske yo voye li pou tout moun, defason pou 1 rasanble tout fanmi imen an nan richès pliralite fòm kiltirèl yo, anba Seyéri Kris la, e nan limite Lespri Li. Chimen sinodal la eksprime e pwomouvwa nati Katolik li nan 2 fason: li montre fason dinamik plenitud lafwa ke tout manm Pèp Bondye a pataje epi li ede pou transmèt li sou tout moun e bay tout moun. (ITC, Syn., no. 58)

Rankont Dyosezen Pre-Sinodal

Chak Legliz lokal kilmine faz dyosezen an avèk yon Rankont Dyosezen Pre-Sinodal. Rankont sa a bay divès manm dyosèz la opòtinite pou yo rasanble pou yon selebrasyon litijikal, pou lapriyè ansanm, pou reflechi sou eksperyans Pwosesis Sinodal nan dyosèz la, pou yo koute opinyon moun soulve yo, pou dyaloge konsènan reyalite aktyèl Legliz lokal la ak siy ki manifeste nan tan nap viv la, epi pou disène apèl Lespri a pou dyosèz la parapò ak kwasans li nan konvèsyon sinodal. Byenke piò nan pwosesis konsiltasyon pandan Faz Dyosezen an te fèt nan kominote espesifik yo ki anba Legliz lokal la, tankou pawas, ministè, gwoup jenès ak lòt gwoup ankò, objektif Rankont Dyosezen Pre-Sinodal la se pou 1 rasanble yon reprezantan nan chak gwoup nan tout dyosèz la, ikonpri gwoup minorité yo ak sa ki nan periferi yo, epi pou pèmèt patisipan yo koute, reflechi ak disène ansanm. Tousuit apre rezulta rasanbleman an ta dwe fè patide sentèz dyosezen an, jan yo dekri 1 nan Pati 4 Vademecum lan.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Ekip Sinodal Dyosezen

Wòl ekip Sinodal la se pou 1 enplemanté, kowòdone ak sipèvize faz dyosezen Pwosesis Sinodal la sou lidèchip Evèk lokal la, an kolaborasyon ak Moun (yo) ki Responsab Kontak nan Dyosèz la. Ekip sinodal la fèt pou 1 planifye sesyon ekout yo pou yo aplike yo onivo lokal pou asire plis patisipasyon ke posib ikonpri ak moun ki pa fè pati majorité yo. Fòk yo fè efò espesyal pou angaje moun ke yo pa konn koute fasil nan Legliz la. Se ekip Sinodal la ki organize kèleswa rasanbleman, evènman ak rankont ki kowenside ak Pwosesis Sinodal la. Objektif la se pou kreye yon eksperyans sinodalite otantik onivo lokal. Lè sesyon ekout yo fini, se ekip sinodal la kap responsab pou 1 elabore sentèz dyosezen an sou baz eksperyans yo ak opinyon yo resevwa nan men tout moun ki te patisipe yo.

Disèneman

Pwosesis Sinodal la emplike yon pwosesis disèneman ki oryante sou yon konsansis. Se youn ki kote sa lòt gen pou 1 di pou n disène kisa Bondye ap di nou tout. Jan de disèneman sa a se pa yon evènman ki fèt yon sèl fwa sèlman, mèzalò se yon fason pou moun viv ki ankre nan Kris, pou yo suiv chimen Lespri Sen an, viv pou yon pi gran laglwa Bondye. Disèneman kominal la ede bati kominote kap devlope, ki solid pou misyon Legliz la jounen jodiya. Disèneman se yon gras Bondye bay, sepandan li egzije enplikasyon nou antanke moun nan fason ki senp: nan lapriyè, refleksyon, nan prete atansyon ak dispozisyon moun genyen nan kè yo, nan koute ak pale youn ak lòt nan yon fason ki otantik, serye e ki akeyan. Disèneman nan kle espirityèl sa a plante semans ki ka pote fwi fratènité, gerizon, kominyon, misyon ak anpil lòt bagay. Bondye vini pou 1 dirige ak enspire nou etan nap chèche volonté Li.

Eklezyal

Sinodalite se chimen nap fè ansanm lan ki koresponn ak nati pwofon Legliz la. Nan sans sa a, nenpòt Pwosesis Sinodal vreman eklezyal puiske li anrasinen nan nati Legliz la e li nesesèman enplike chimen komen Pèp Bondye a ap fè. Nap mache ansanm nan yon chimen sinodal ki mande nou pou nou fè plis kominyon youn ak lòt, pou n vanse defasson pou nou ka gen anpil patisipasyon nan misyon nou pataje a. Pou fè chimen sa a ansanm, yon prensip vital se "sentire cum Ecclesia: pou resanti, santi ak

pèsevwa ann amoni ak Legliz la. Yo egzije prensip sa a, pa pou teyolojen sèlman, men pou tout fidèl; li ini tout manm Pèp Bondye a etan yap fè chimen pelerinaj yo. Se kle a pou "mache ansanm" yap fè a. (ITC, Syn., no. 56) Nou pa mache sou chimen sinodal la poukout nou tankou moun, pawas oswa dyosèz ki izole. Okontrè, sinodalite se chimen tout Legliz la fè ansanm, e se yon eksperyans ke tout pèp Bondye a viv.

Episkopal

Yo itilize mo grèk episkopos la nan Nouvo Testaman an pou fè referans ak yon moun kap "siveye" twoupo Bondye a. Dirijan ki tap dirige premye kominote Kretyen yo se te siksesè apot yo, e siksesyon apostolik sa a kap kontinye jouk jounen jodiya a avèk ke yo nonmen nan Legliz Katolik la. "Evèk yo eggèse otorite apostolik espesifik yo kidonk yo anseye, yo sanktifye e yo administre Legliz ki sou kont pastoral yo osèvis misyon Pèp Bondye a." (ITC, Syn., no. 56) Kidonk "Episkopal" fè referans ak misyon evèk la, ki limenm gide twoupo Kris konfye 1 la pamí kominyon tout Legliz la. Wòl evèk la se pa pou 1 reprezante somè yon piramid, men okontrè fòk li se moun kap sèvi fidèl ke yo konfye 1 yo. Konferans episkopal yo se kò kolejyal evèk yo onivo nasyonal oswa entènasyonal pou pwomouvwa fratènité pamí evèk yo ak limite pamí Legliz lokal yo.

Instrumentum Laboris

Instrumentum Laboris la se "Dokiman Travay" ke yo itilize antanke baz pou diskisyon, entèvansyon ak echanj ki fèt nan Sinòd Evèk yo. Se yon dokiman ke Sekretarya Jeneral Sinòd Evèk yo pibliye. Kontrèman ak Sinòd arvan yo, pwosesis Sinodal kap fèt kounyeaya pral enplike 2 vèsyon Instrumentum Laboris la. Gen yon vèsyon ke yo pal pibliye apre faz ekout onivo dyosèz la fin sentetize onivo nasyonal. Alèkile premye vèsyon preliminè sa a pral sèvi kòm "Dokiman Travay" pou reyinyon ki pral fèt onivo kontinental. Dapre travay faz kontinental la, yo pral pibliye yon dezyèm vèsyon Instrumentum Laboris ki pral sèvi kòm baz pou reyinyon Sinòd Evèk yo ann oktòb 2023.

Legliz Lokal

Nan konteks Pwosesis Sinodal la, "Legliz lokal" vle di chak dyosèz, epachi, ödinarya ak ekivalan kò eklezyal la. Legliz lokal la se premye nivo kote yo egzèse sinodalite a, li anglobe pawas, ministè, mouvman ak lòt kominote. La a menm, "manifestasyon pre-eminan Legliz la enplike patisipasyon aktif e konplè tout Pèp sen Bondye

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

a nan selebrasyon litijik sa yo, espesyalman nan memm Ekaristi a, nan yon sèl priyè, sou yon lotèl, kote Evèk la prezide a, epi kote li antoure de prêt kolejyen 1 yo ak minis li yo" [90]. (ICT, Syn., no. 77)

Lyen istorik, lengwistik ak kiltirèl ki fasonnen komunikasyon entèpèsonèl nan Legliz lokal la e ki dekri karakteristik patikilye li genyen yo fasilité adopsyon yon estil sinodal nan lavi kotidyen li e yo se baz la pou konvèsyon misyonè efikas. Nan Legliz lokal la, temwayaj Kretyen an enkâne nan moun espesifik e nan sityasyon sosyal yo, ki pèmèt yon inisyasyon dirèk nan estrikti sinodal yo ki sèvi misyon. Jan Pap Franswa souliyen 1, "se sèl lè ôganizasyon sa yo rete konekte ak "baz" la e yo kòmanse apati moun yo ak pwoblèm yap konfwonte chak jou yo, ke yon Legliz sinodal ka kòmanse pran fòm" [91]. (ICT, Syn., no. 77)

Koute

Pap Franswa te afime ke: "Yon Legliz sinodal se yon Legliz ki alekout. [...] Pèp fidèl la, Kolèj Evèk yo, Evèk Ròm nan: tout ap koute sa youn lòt; epi yo tout ap koute Lespri Sen an." Men kijan Komisyon Teyolojik Entènasyonal la eksplike wòl santral koute sa a genyen (ICT, Syn., no. 111): Dyalòg sinodal la depann de kouraj, pou ni pale ni koute. Objektif la se pa pou angaje nan yon deba kote yon entèlokité ap eseye gen plis pwa sou lòt yo oswa pou yo kontrekare pozisyon yo ak agiman bris, men pito objektif la se eksprime kèleswa sa Lespri Sen an ta sanble ke li sijere ki awopriye pou disèneman kominal, epi an memm tan pou lespri yo pou aksepte kèleswa sa menm Lespri Sen an ta sijere nan pozisyon lòt moun, "pou byen jeneral la" (1 Korentyen 12,7).

Mision

Konstitisyon dogmatik Lumen Gentium lan etabli yon vizyon sou nati ak misyon Legliz la antanke kominyon, avèk presipozisyon teyolojik ki baze sou yon relansman sinodalite ki adekwa: konsepsyon mistik e sakramantal Legliz la; nati li antanke Pèp Bondye ki an pelerinaj atravè listwa nan direksyon patri selès la, kote yo onore tout manm li atravè vèti batèm avèk memm diyite ak pitit Bondye e kote yo konfye yo menm misyon an; doktrin sakramentalite episkopa a ak kolejyalite nan kominyon yerachik avèk Evèk Ròm la. (ICT, Syn., no. 40)

Parezi

Parerzi vle di kouraj ke Lespri Sen ki vini an pote nan kè apot yo jou Pannkòt la. Se kouraj

entèn sa a ki te voye yo al pwoklame Bòn Nouvèl ke Jezi se Seyè a san lakrentiv nan epòk Legliz Primitif la. Lespri Sen an ofri nou menm kouraj sa a pou nou ranpli misyon Legliz la jodiya. Parezi a nesesè nan Pwosesis Sinodal la defason pou nou pale avèk kouraj epi pou nou koute avèk imilite, selon enspirasyon Lespri Sen an etan nap vanse pi devan sou chimen an pou nou rive nan "nouvo faz evanjelizasyon" sa a kote Bondye rele nou (cf. ITC Syn., no. 121)

Parezi Lespri Sen an egzije de Pèp Bondye sou chimen sinodal li a se lakonfyans, lafranchiz ak kouraj pou li "antre nan pwofondè orizon Bondye" defason pou li "asire ke gen yon sakreman initie ki egziste nan lemond e kidonk ke lòm pa destine pou l sibi dispèsyon ak konfizyon" [169]. Eksperyans sinodalite yo viv e ke yo sibi a se, pou Pèp Bondye a, yon sous pou jwenn kè kontan ke Jezi te pwomèt la, yon katalis pou yon lavi nouvo, yon tranplen pou yon nouvo faz angajman misyonè. (ITC, Syn., no. 121)

Patisipasyon

Yon Legliz sinodal se yon Legliz ki gen patisipasyon ak koresponsabilite. Nan pratik sinodalite a, yo mande li pou 1 bay ekspresyon pou patisipasyon tout moun, konfòmeman ak vokasyon chak moun, avèk otorite ke Kris la konfere li nan Kolèj Evèk la ke Pap la prezide. Patisipasyon an baze sou lefèt ke tout fidèl yo kalifye e yo mande yo vin bay youn ak lòt sèvis atravè don yo tout resewva nan men Lespri Sen an. Otorite Pastè yo se yon don byen presi ke Lespri Jezi, ki se Tèt la, bay pou bati tout Kò a, se pa yon fonksyon yo delege ni yon fonksyon rezprantatif moun yo. (ITC, Syn., no. 67) Fòk distenkson ki genyen ant vôt deliberatif ak vôt konsiltatif yo pa pèmèt nou souzestime opinyon ke moun yo eksprime ak fason yo vote nan diferan asanble ak konsil sinodal yo. Ekspresyon "votum tantum consultivum la", ki limenm endike pwa evalyasyon ak pwopozisyon nan asanble ki nòb sa yo, li pa adekwa si yo konprann li selon mwayen dwa sivil la nan tout diferan ekspresyon 1 yo [81].

Konsiltasyon ki fèt nan asanble sinodal yo se asanble ki diferan ofèt, paske manm Pèp Bondye a ki patisipe nan yo ap reponn apèl Granmèt la, yo vin koute, antanke kominote ki sa Lespri a ap di Legliz la atravè Pawòl Bondye a ki limenm rezone nan sityasyon yo, epi yo vin entèprete siy tan nap viv yo avèk zye lafwa. Yo mande Legliz sinodal la, tout kominote a, pami manm li yo ki lib e ki soti toupatou, pou l rasable pou lapriyè,

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

pou koute, analize, dyaloge, disène ak ofri konsèy pou pran desizyon pastoral ki koresponn leplis ke posib ak volonte Bondye. Kidonk, lè yap vin fòmile pwòp desizyon yo, Pastè yo fêt pou koute atantivman opinyon ak eksperyans fidèl yo. Dwa kànnon presize ke, nan sèten ka, sèl lè pou yo aji se lè yo fin chèche ak jwenn diferan opinyon selon pwozedi ki tabli jiridikman [82]. (ICT, Syn., no. 68) An menm tan, chimen sinodalite a egzije yon pi gwo patisipasyon pase kantite ke lalwa prevwa a.

Pèp Bondye

Dezyèm Konsil Vatikan an konsantre 1 sou Legliz la antanke "Pèp Bondye." Selon prensip sa a, li klé ke Legliz la pa sèlman yon estrikti yerachik, men yon gwoup moun kap fè yon pelerinaj ansanm ke Bondye gide sou chimen li. Bondye fè nou ini youn ak lòt e se menm jan an Li rale nou pou nou vin ini avèk Li: "Bondye pat fè fanm ak gason vin sen pou l sove yo antanke endividé sèlman san li pa mete yon lyen antre yo. Okontrè, sa fè L plezi pou L fè moun vin ansanm antanke yon sèl pèp, yon pèp ki rekònèt Li nan laverite e ki sèvi Li nan sentete." (Lumen Gentium, 9) Li te fè pèp sa a temwaye nan Izrayèl dabò, paske se Pèp sa a Li chwazi kòm Pèp Li e se avèk Pèp sa a ke Li te fè alyans an premye.

Se grasa Jezi Kri ke chak moun e chak nasyon ka rantre nan Pèp Bondye a: "Ale fè disip pou mwèn nan tout nasyon" (Matye 28:19). Bondye envite tout moun pou yo fè pati de pèp li an patikilye: "Men noumenm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prêt kap sèvi Wa yon nasyon kap viv apa pou Bondye, yon pèp Li achte. Li fè tou sa pou n'te ka fè tout moun konnen bél bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bél limyè li a. Anvan sa, nou pa t menm yon nasyon. Men koulye a, nou se pèp Bondye a. Anvan sa, Bondye pa t gen pitye pou nou. Koulye a, li gen pitye pou nou." (1 Pyè 2:9-10) Misyon Legliz la se pou l rasable Pèp Bondye a pandan tout vwayaj li a atravè listwa pou l ka jwenn Wayòm Bondye a. Nan sans sa a, Legliz la se siy ak enstriman "inyom entim ak Bondye ak inite tout ras imèn nan" (Lumen Gentium, 1). Legliz la ap travay pou misyon Kris la, ki se Bon Bèje a, ki fè tout limanite mete tèt ansanm: "Mwen gen anpil lòt mouton ki pa nan pak sa a. Mwen gen pou m' mennen yo tou. Y'a tandé vwa mwen. Lè sa a, va gen yon sèl bann mouton ak yon sèl gadò. (Jan 10:16)

Pouvwa

Nouvo Testaman an itilize yon tèm espesifik pou eksprime pouvwa Jezi te resevwa nan men Papa a pou l bay sali, e Jezi te egzèse l sou tout kreyati nan pouvwa (δύναμις) Espri Sen an: ἔσουσια (otorite). Li transmèt lagras ki fè nou tounen "pitit Bondye" (cf. Jan 1,12). Apot yo resevwa ἔσουσια sa a nan men Granmèt ki resiste a, ki voye yo ale anseye nasyon yo, lè yo batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Espri Sen an ak lè li montre yo pou yo obsève tou sa Li te pase lòd pou fè. (cf. Matye 28, 19-20). Gras ak batèm lan, yo bay chak manm ki nan Pèp Bondye a yon pati nan otorite li, puiske yo resevwa "onksyon Lespri Sen an" (cf. 1 Jan 2,20, 27), puiske Bondye ba yo lesón (cf. 1 Jan 6,45) e puiske Bondye gide yo "nan laverite konplè" (cf. Jan 16, 13). (ITC, Syn., no. 17)

An tèm de pratik sinodal revitalize onivo Legliz inivèsèl, Sen Pòl VI Beni te enstitye Sinòd Evèk yo. Se yon "Konsil pèmanan Evèk pou Legliz inivèsèl", ki depann dirèkteman e imedyatman de pouvwa Pap la, "ki bay enfòmasyon e ki ofri konsèy", e yomenm yo "ka jwi de pouvwa pran desizyon tou, lè yo konfyé pouvwa sa a bay yon Pontif Women" Objektif enstitisyon sa a se pou l kontinye bay Pèp Bondye a benefis kominyon ke li viv pandan Konsil la. (ITC, Syn., no. 41)

Sensus fidei

Onksyon Lespri Sen an vin manifeste nan sensus fidei fidèl yo [65]. "Pami tout batize yo, premye jiska dènye, pouvwa sanktifye Lespri Sen an ap travay, li ensite nou fè evanjelizasyon. Pèp Bondye a sen grasa onksyon li, e se sa ki fè li enfayib nan lakwayans. Sa vle di ke li pa tworpe l nan lafwa, menm lè li pa ka jwenn mo pou l eksplike lafwa a. Lespri Sen an gide li nan laverite epi li kondui li vè le sali. Yon aspè nan lanmou Bondye genyen pou limanite, sèke Li bay tout fidèl yo yon ensten lafwa – sensus fidei – ki ede yo disène kisa ki reyèlman soti nan Bondye. Prezans Espri Sen an bay Kretyen yo yon sèten konatiralite avèk royalite divin yo, ak yon vizyon ki pèmèt yo asimile royalite sa yo defason entuitif" [66]. Nou remake konatiralite sa a nan yon "sentire cum Ecclesia: pou nou resanti, santi ak pèsewwa ann amoni ak Legliz la.

Yo egzije prensip sa a, pa pou teyolojen sèlman, men pou tout fidèl; li ini tout manm Pèp Bondye a etan yap fè chimen pelerinaj yo. Se kle a ki pèmètpou "mache ansanm" yap fè a. 67] (ITC, Syn., no. 56)

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Siy tan yo

Dezyèm Konsil Vatikan an te fè yon pa desizif vè lavan konsènan enpòtans Legliz la kap li "siy tan nap viv yo." Sa vle di ke Legliz la pa ranpli misyon li nan nènpòt sikontans ki detache ak reyalite ki gen nan lemond ki toutotou l yo. Okontrè, yo voye Legliz la toupatou nan lemond defason pou l rasanble gason ak fanm nan tout epòk e nan tout kote pou sèvi Bondye ak sèvi youn ak lòt. Kidonk fòk Legliz la atantif vizavi de sa ki nesesè, vizavi reyalite ak enkyetid ke lemond genyen nan tout epòk defason pou 1 ranpli misyon li ki se sèvi limanite. Kidonk fòk Legliz la kapab idantifye siy tan nap viv yo nan limyè lafwa, defason pou 1 ka disène kijan Bondye ap rele 1 pou 1 reponn malgre sikontans ak evènman ki gen nan chak peryòd tan. Evantyèlman, afe idantifye siy tan yo se yon fason pou konkretize solidarite pwofon ant Legliz la ak limanite: "Lajwa ak lespwa, chagren ak anksyete ke moun nan epòk sa a konn genyen, espesyalman sa ki pòv yo oswa sa ki aflike nan nènpòt ki fason. Sa yo se lajwa ak lespwa, chagren ak anksyete ke moun kap suiv Kris yo konn santi. Vremen vre, nanopwen anyen ki otantikman imen ki pa rive soulve yon eko nan kè yo." (Gaudium et Spes, 1)

Sinòd

Sinòd la se "pwogram evènman sinodal sa yo kote otorite konpetan yo mande Legliz la rasanble konfòmeman ak pwosedi espesifik ke disiplin ekleyastik la etabli, e ki enplike tout Pèp Bondye a nan plizyè fason onivo lokal, reyonal e inivèsèl, e se Evèk yo menm ki prezide li nan yon kominyon kolejyal avèk Evèk Ròm la, pou yo disène chimen nap vanse a ak lòt kesyon patikilye, epi pou yo pran desizyon ak direksyon patikilye defason pou Legliz la ranpli misyon li genyen pou 1 evanjelize." (ITC, Syn., no.70)

Pwosesis Sinodal

Sinodalite a pa vremen yon evènman men yon cheminman ak yon pwosesis kontinyèl. Pwosesis Sinodal la sou sa Legliz la ap travay kounyeaya, enplike tout Pèp Bondye a nèt. Li kòmanse ak yon faz dyosezèn ke yo dekri an detay nan Vademecum sa a, epi apresa yon faz nasional, yon faz kontinental epi finalman yon faz kilminan pou Asanble a pou Sinòd Evèk yo kap fèt a Ròm.

Sinodalite

Sinodalite, jan Komisyon Teyolojik Entènasyonal ls defini 1 an 2018 la, se "aksyon Lespri a ki fèt an kominyon ak Kò Kris la e ki fèt nan chimen misyonè Pèp Bondye a." Pap Franswa dekri yon

Legliz sinodal antanke "yon Legliz ki alekout e ki konnen ke ekout la reprezante plis pase sa 1 santi. Se yon ekout mityèl kote tout moun gen yon bagay pou yo aprann. Nou tout fèt pou n koute Lespri Sen an, espri Verite a pou nou ka konnen kisa Lespri a ap di Legliz la. [...] Se sa Granmèt la attan de Legliz twazyèm milenè a. (Diskou nan komemorasyon 50yèm anivèsè Sinòd Evèk yo, le 17 oktòb 2015)

Sinodalite kreye opòtinite pou koute tout moun epi pou bay opòtinite pou moun yo koute Lespri Sen an ak koute Pèp Bondye a defason pou disène ansam epi pou nou vanse pi devan sou menm chimen an. Pap Franswa entèprete li antanke mache ak akonpaye youn lòt sou chimen espirityèl la pou nou viv yokasyon pou nou ranpli misyon nou, an kominyon youn ak lòt.

Vokasyon Tout Pèp Bondye a

Vokasyon tout Pèp Bondye sa a, kominote moun ki kwè nan Jezi Kri, se pou enstore Wayòm Bondye a. Tout manm Legliz la nèt, layik, reliye ak klèje a selon pwòp karis ak wòl yo fèt pou kolabore nan responsabilite yo genyen pou ranpli misyon li. Konsil Vatikan II mande pou tout moun patisipe aktivman nan lavi Legliz la, lè yo mete anfaz sou prensip responsabilite kolaboratif, konsiltasyon ak patisipasyon layik.

Layik yo gen yon wòl aktif pou 1 jwe nan lavi ak nan aktivite Legliz la. Aktivite layik yo tèlman nesesè nan kominote Legliz yo ke san li, apostola pastè yo, an jeneral, pa ka vin efikas kòmsadwa. (Apostolicam Actuositatem, 10)

Pastè yo sou bò pa yo tou konnen Kris la pat mete yo la pou yo pote poukонт yo sou zepòl yo, tout misyon sali Legliz la vizavi lemond. Okontrè, yo entèprete 1 antanke devwa nòb yo pou gide fidèl yo epi rekònèt sèvis yo bay la ak don karismatik ke tout moun, selon wòl yo ranpli, kapab kowopere nan angajman komen sa a avèk yon sèl kè. (Lumen Gentium, 30)

Vademecum

Vademecum se yon tiliv yo ekri pou sipòte efò tout Pèp Bondye ap fè pou kontribye nan ekout la ak diséneman an ki se fondasyon pou Sinòd la nan Sinodalite. Se yon estimilis ak yon gid pratik ki ofri kék lide pou moun ke yo nonmen kòm kontak oswa ekip dyosezen (oswa pawasyal), e ki pran an konsiderasyon ke chak Legliz lokal gen pwòp kilti l, pwòp tradisyon l, pwòp istwa resan li ak pwòp resous li.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

Vatikan II

Pap Jan XXIII te konvoke venteyinyèm konsil ekimenik la nan listwa Legliz la, kote li te rasanble tout evèk ki nan lemond ant 1962 ak 1965 pou yo vin nan Vatikan an. Nan diskou inogiral Konsil la, men kijan Pap Jan XXIII te karakterize objektif li:

Sa ki nesesè jodiya sèke se pou tout moun resevwa nan epòk nan viv la tout doktrin Kretyen an, san pagen okenn pati nan li ki pèdi, e se pou yo fè sa avèk yon novo pasyon, nan laserenite e nan lapè, nan konseptyalite ak ekspresyon tradisyonèl e presi sa a, ke yo prezante espesyalman nan travay Konsil Trent ak Vatikan I yo. [...] Sa ki nesesè sèke doktrin sèten e ki pa chanje sa a, se yon doktrin nou dwe soumèt a li defason lwayal, fòk nou envestige 1 e fòk nou prezante 1 nan fason tan nap viv la mande li. Pou depo lafwa, pou laverite ki ankre nan doktrin venerab nou an, vin fè youn; fason yo eksprime yo, men avèk menm siyifikasyon ak memm jijman an, se yon lôt bagay. Fason sa a ke nou pale a mande anpil travay, sa kapab anpil pasyans: fòk yo prezante jan de prezantasyon defason pou yo plis ann amoni avèk yon otorite kap anseye ki gen yon karaktè ki prensipalman pastoral. (Gaudet Mater Ecclesia, 11 Oktòb 1962)

Pap Pòl VI vin fè konklizyon Konsil la epi 1 enplemente anpil nan refòm li yo, ikonpri fason yo itilize ekspresyon vènakilè nan litiji a ansanm ak pwomouwva inite pamí Kretyen yo e atravè tout fammi ki gen nan limanite. Men kék nan pwen desizif ki gen nan Dezyèm Konsil Vatikan an: yon novo ouvèti despri nan dyalòg ak inite avèk moun ki pa Kretyen e ak Kretyen ki pa Katolik ((cf. Nostra Aetate, Unitatis Redintegratio); yon novo apwòch vizavi de relasyon ki egziste ant Legliz ak lemond (cf. Gaudium et Spes); epi yon konpreyansyon ki renouve sou nati Legliz la, patikilyèman antanke "Pèp Bondye" (cf. Lumen Gentium). Yo te enstitye Sinòd Evèk la nan lane 1975 kòm mwayen pou kontinye eksperyans fratènèl e kolejyal ke Dezyèm Konsil Vatikan an genyen, pou nou kontinye disène siy tan nap viv yo nan chak epòk siksesif nan yon espri kominyon ak misyon.

Pou yon Legliz Sinodal: Gid pou Moderatè

